ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКъУАУЭГъУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКI

№38 (24.008) ● 2020 гъэм мэлыжьыхьым (апрелым) и 2, махуэку ● Тхьэмахуэм щэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

● Къэрал Iуэху

КъБР-м и Iэтащхьэм щыгъуазэ зищIащ республикэм узыншагъэр хъумэнымкIэ и IэнатIэр щыIэ хъуа щытыкIэм зэрыхуэхьазырым

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек щыIащ Налшык къалэм и клиникэ сымаджэщ №1-м и къудамэхэм ящыщ зым, коронавирус уз зэрыцIалэм зиубгъуфэ, сымаджэхэм абы щеIэзэным хуэзрагъэпэщам. Республикэм и унафэщIым зригъэлъэгъуащ аэрэ я лэжьыгъэм зэрыхуэхьазырыр.

МЫБЫ гъуэлъпIэ 230-рэ щагъэуваш, лэжьакIуэхэри зэщIагъэуIауаш, Iэмэсымэ зыхуеинухэри зэрагъэпэщащ, абыхэм ИВЛ аппарату 18, компьютер томограф, рентген, узыфэм зэрызыщахъумэну нэгъуэщI зыхуеинухэри хэту.

А махуэ дыдэм КIуэкIуэ К. В. кIуащ Прохладнэ къалэ сымаджэщым и хирургие корпусыщIэм икIи зыщигъэгъуэзащ абы лэжьыгъэхэр зэрыщекIуэкIым. Сымаджэщым и ухэныгъэр зэфIагъэкIуэ жыпIэ хъунущ. Хуей хъумэ, COVID-2019 узыфэр цIыху нэхъыбэм къыйуалIэу хуежьэмэ, ар хьэзырщ цIыхуи 100-м зэуэ щеIэзэну.

«ЩытыкIэм къигъэув мардэхэм тету лэжьыгъэхэр зэрызэтраухуар ди нэгу щIэкIащ. Сымаджэщыр къызэгъэпэщащ техникэ и лъэныкъуэкIи, абы тхьэмбылыр лэжьэным сэбэп хуэхъу Iэмэпсымэхэри хэту», - къыхигъэщащ республикэм и унафэщIым.

КъБР-м и Iэтащхьэм Instagram сетым щIэ напэкIуэцIымкIи захуигъэзащ щIыналъэм щыпсэухэм:

«ПщIэ зыхуэсщI ныбжьэгъуэх!

Нобэ Iэнатlэ псоми, псом япэу медицинэ лэжьакIуэхэм, яхуэзфIэкI ящIэ цIыхубэм къытлъыкIуэкIа шинагъуэм пэщIэтыным хуэунэтIауэ, ахэр жэщи махуи я лажьыгъэм пэрытщ. Дэри, шэч хэмылъу, тлъэкI къздгъэнэнкъым абыхэм защIэдгъэкъуэн папщIэ!

Аущ иджыри зэ зыфхуэзогъазэ республикэм исхэм! Дэ абыхэм дадэIэпыкъун папщIэ тщIэн хуейщ дэтлъэта псори. Мыбдежым щынэхъыщхьэ дыдэр - Iэмал зэриIэкIэ цIыхухэм дахэмыкъэнырщ.

Фи унэхэм фыщIэс! Фи щхьэри фи Iыхьлыхэри фхъумэ!»

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1анIэ.

Бахъсэн къалэ округым щыщ Iыхьэм щагъэувауэ щыта мардэ пыухыкIахэр (карантиныр) щхьэщыхьыжьым теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Унафэ

Урысей Федерацэм «Ветеринариемрэ и Iэхуэхь» и Закон №4979-1-м, 1993 гъэм накъыгъэм и 14-м къащтам, и 31-нэ статьям ипкъ иткIэ икIи Бахъсэн къалэ округым хьэщхьэрыIуэ уз зыпкъырыт псэуцхьэ зэрыщымыIэжым къыхэкIыу:

1. Бахъсэн къалэ округым хыхьэ Къанкъуэщым, Къзанокъуэм, ЛIыгъурым, Махуэм и цIэхэр зезыхьэ и уэрамхэр зыхиубыдэ щIыпIэм щагъэувауэ щыта мардэ пыухыкIахэр (карантиныр) щхьэщыхьыжьым.

2. Къару имыIэжу къэлытэн «Бахъсэн къалэ округым щыщ Iыхьэм мардэ пыухыкIахэр (карантин) щыгъэувыным и Iэхуэхь» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2020 гъэм мазаем и 6-м къыдигъэкIа Унафэ №15-РГ-м.

3. Мы Унафэм къару егъуэт абы Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек

Налшык къалэ
2020 гъэм гъатхэпэм и 30-м
№36-РГ

Налшык къалэ округым хыхьэ Белая Речкэ къуажэм щыщ Iыхьэм щагъэувауэ щыта мардэ пыухыкIахэр (карантиныр) щхьэщыхьыжьым теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Унафэ

Урысей Федерацэм «Ветеринариемрэ и Iэхуэхь» и Закон №4979-1-м, I993 гъэм накъыгъэм и 14-м къащтам, и 31-нэ статьям ипкъ иткIэ икIи Налшык къалэ округым хыхьэ Белая Речкэ къуажэм хьэщхьэрыIуэ уз зыпкъырыт псэуцхьэ зэрыщымыIэжым къыхэкIыу:

1. Налшык къалэ округым хыхьэ Белая Речкэ къуажэм и ищхьэрэ лъэныкъуэмкIэ Биттировым и цIэр зезыхьэ узрамыр, ищщэкIэ Налшык псы Iуфэр, къуэкIыпIэмкIэ щIыпIэ нэщIыр зыхиубыдэ и щIыпIэм щагъэувауэ щыта мардэ пыухыкIахэр (карантиныр) щхьэщыхьыжьым.

2. Къару имыIэжу къэлытэн «Налшык къалэ округым хыхьэ Белая Речкэ къуажэм щыщ Iыхьэм мардэ пыухыкIахэр (карантин) щыгъэувыным и Iэхуэхь» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2020 гъэм мазаем и 4-м къыдигъэкIа Унафэ №13-РГ-м.

3. Мы Унафэм къару егъуэт абы Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек

Налшык къалэ
2020 гъэм гъатхэпэм и 30-м
№37-РГ

● ЩIэ

IэмалыщIэхэр къагъэсэбэп

«Урысейм и пощт» IэнатIэм цIыхухэм Iуэхутхьэбзэхэр зэрыхуащIэ IэмалыщIэхэр лэжьыгъэм къыщигъэсэбэп хъуащ. Зи гугъу тщIыр посылкхэр жып телефоным и номер фIэкIа къыумыгъэсэбэнуебгъэхь зэрыхъуарц. Апхуэдэ логистикэ оператор зэкIэ зиIэр Урысей пощтым и закъуэщ.

ПОСЫЛКЭР зыхуаутIыпщам лъэIэсын папщIэ, абы и жып телефоныр пыщIауэ щытын хуейщ «Урысейм и пощт» мобильнэ гъэдэхьым. Посылкэр езыгъэхьым къигъэльэгъуэн хуейр ар зыхуигъэхьым и телефон номерым и закъуэщ, и хэщIапIэри и цIэ-унэцIэри къагъэнауэ. Апхуэдэ Iуэху зехьэкIэм мыхьэнэшхуэ иIэщ цIыхухэм я зэманыр сэбэпынагъ пылъу къагъэсэбэпынымкIэ, псом хуэмыдэжуи иджырей зэманым: коронавирус уз зэрыцIалэр къызэрыхьейрэ. ЦIыхухэри пощтым и IэщIагъэлIэхри зэдэлэжьэфынущ, зыр адрейм и уэзыншагъэм зэран хуэхъункIэ шынагъуэ щымыIэу. Iуэхум хэтын хуейр посылкэр зэхэщIутэну, абы и уасэр зэпту ар пощтым зыхьыну курьер закъуэраш.

- ЦIыхухэм Iуэхутхьэбзэ яхуэтщIэнымкIи, псом хуэмыдэжуи иджырей зэманым: коронавирус уз зэрыцIалэр къызэрыхьейрэ. ЦIыхухэри пощтым и IэщIагъэлIэхри зэдэлэжьэфынущ, зыр адрейм и уэзыншагъэм зэран хуэхъункIэ шынагъуэ щымыIэу. Iуэхум хэтын хуейр посылкэр зэхэщIутэну, абы и уасэр зэпту ар пощтым зыхьыну курьер закъуэраш.

Iуэхуэм Iуэхутхьэбзэ яхуэтщIэнымкIи епха Iэмалыщ1эр «Урысейм и пощтым» къыщыдгъэсэбэп зэрыхъуам мыхьэнэшхуэ иIэщ IэнатIэм нэхъри зиужьынымкIэ, апхуэдэуи посылкэр езыгъэхь е зыхуагъэхь цIыхухэм я деж1и, - IуэхугъэущIэм щытепсэлъыхьым жиIащ Iэнатlэм и унафэщIым электрон коммерцэмкIэ и къуэдзэ Скатин Алексей. - ПъэныкъуитIри телефоным и мобильнэ гъэдэхьымкIэ кIэлъыплъфынущ я посылкэр здынэсам, къыщыIахьжьыфынущ щIыпIэри езыхэр зэрыхуейуэ къыхахыфынущ.

Пэжу, иужьрей лъэхъэнэм цIыху кудым сату Iуэхуэхэр зэфIагъэкI жып телефоным иIэ IэмалхэмкIэ. Къэпщытэныгъэхэм къызэрагъэльэгъуамкIэ, апхуэдэ Iуэхутхьэбзэхэр къагъэсэбэп жып телефон зиIэхэм я Iыхьэ щанэм. НэгъуэщIу жыпIэмэ, къэралым щащэ (щащэху) хьэпшыпхэм я процент 53-р жып телефоным епха мобильнэ гъэдэхьымкIэ зэIэпах.

Экспертхэм зэрыхуагъэфащэмкIэ, апхуэдэ Iуэху зехьэкIэм 2021 гъэм адэкIи зиужьурэ кIуэнущ.

КЪАРДЭН Маритэ.

«Адыгэ псалъэр» къезыгъэхьхэм захудогъаз9

2020 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм цIыхухэм яIэрыхьэну газетхэмрэ журналхэмрэ Iэ щыщIадз зэманыр нухащ.

«Адыгэ псалъэ» газетыр зыIэрыхьэну хуейхэм хъыбар фыдогъащIэ: накъыгъэм къыщыщIэдзауэ ар къевгъэхьын папщIэ Iэ щыщIэвдз хъунущ Урысей пощтым и дэтхэнэ Iуэхущ1анIэмк1.

Мази 2-м «Адыгэ псалъэ» газетым и уасэр сом 232-рэ кIэлейкIи 10-рэщ.

Ди индексыр П 5894

Нобэрэ пщэдейрэ

Мэлыжьыхьым и 2, *махуэку*

♦Сабий тхылъым и дунейпсо махуэщ

♦Урысеймрэ Белоруссиемрэ я лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и махуэщ.

♦1698 гъэм Пётр Езанэр Инджылыз парламентым и зэIущIэм щIэсащ. Къэралым и пащтыхэри къызрихьэлIа а зэхуэсым депутатхэр щытепсэлъыхьат щIым налог зэрыгъэлъхьэ хабзэм.

♦1718 гъэм Пётр Езанэм Урысейм къыщIэзрегъэпэщ къэралым екъэлIа щIэпхъаджагъэхэр зылэжьу шэч зыхуащIэхэм якIэлъыплъыныр, Хэкум епцIыжахэм я Iуэхуэхэр зэхэгъэкIыныр зи кьалэн Iуэхущ1апIэр.

♦1792 гъэм США-м къыщызэрагъэпэщащ ахъшэ щащI я япэ Iэхуэщ1апIэр.

♦1833 гъэм дунейм къытехьащ Пушкин Александр и «Евгений Онегин» романыр зэрыт тхылъыр.

♦1906 гъэм Урысейм и япэ Къэрал Думэм и депутатхэр хахащ.

♦1911 гъэм Цагъуэ Нурий Истамбыл адыгэбзэкIэ къыщыдигъэкIащ «Гъуазэ» газетым и япэ номерыр.

♦1922 гъэм Москва къыщыщIэIуахащ нэгъуэщI къэрал тхакIуэхэм я IэдакъэщIэкIхэр зыщIэлъ япэ библиотекэр.

♦1948 гъэм КIэрашэ Тембот СССР-м и Къэрал саугъэтыр къратащ.

♦1996 гъэм къэралхэм я президентхэу Ельцин Борисрэ Лукашенкэ Александррэ Iэ традзащ Урысеймрэ Белоруссиемрэ я Зэгухьэныгъэр къызэгъэпэщыным теухуа зэгурыIуэныгъэм.

♦Данием щыщ усакIуэ, тхакIуэ, таурыхъ телъыджв кэуд зи къалэмыпэм къыпикIа **Андерсен Ганс Христиан** къызэралъхурэ илъэс 215-рэ ирокъу.

♦Франджы тхакIуэ-романист **Золя Эмиль** къызэралъхурэ илъэси 180-рэ ирокъу.

♦Совет джаз музыкант, дирижёр, композитор, РСФСР-м и цIыхубэ артист **Лундстрем Олег** къызэралъхурэ илъэси 104-рэ ирокъу.

♦Циркым и артист, хьэкIэкхуэхэр зыгъасэу щыта, РСФСР-м и цIыхубэ артист **Запашный Вальтер** къызэралъхурэ илъэс 92-рэ ирокъу.

♦Кардиохирург Iэзэ, медицинэ щIэныгъэхэмкIэ Урысей академиемрэ Урысейм щIэныгъэхэмкIэ и академиемрэ я академик **Акчурин Ренат** и ныбжьыр илъэс 74-рэ ирокъу.

♦Журналист, УФ-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **АфIэунэ Раисэ** къызэралъхурэ илъэс 88-рэ ирокъу.

♦Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь, Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и механизатор **Дадэ Хьэмытlэ** къызэралъхурэ илъэс 83-рэ ирокъу.

♦БэзэщIэныгъэлI, филологие щIэныгъэхэм я доктор **Абдокъуэ Iэуес** къызэралъхурэ илъэс 76-рэ ирокъу.

♦Урысей гимнастхэ, Олимп Джэгуэхэм тIэунейрэ щытекIуа **Канаевэ Еленэ** и ныбжьыр илъэс 30 ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уфаущ щыщытынущ, уэшх къыщещхьынущ. Хуабэр махуэм градуси 7 - 8, жэщым градуси 3 - 5 щыхъунущ.

Мэлыжьыхьым и 3, *мэрем*

♦Урысеим щагъэлъапIэ Геологым и махуэр

♦«Псы ткIуэпсыр - дыщэ нэлъэ пэлъытэщ» зыфIаща махуэшхуэр Тыркумэн Республикэм щагъэкIуэкI.

♦1829 гъэм инджылыз Каррингтон Джеймс иратащ кофе хьэдзэхэр зэрахьэ Iэмэпсымэ къызэригупсысам щыхьэт техъуэ тхылъ.

♦1879 гъэм Софие Болгариием и къалащхьэу къалъытащ.

♦1904 гъэм Кавказ бригадэм хыхьэ Къэбэрдей гупыр къызэрагъэпэщащ.

♦1922 гъэм Сталин Иосиф РКП (б)-м и ЦК-м и секретарь нэхъыщхьэу хахащ.

♦1933 гъэм урыс хирург **Вороной Юрий**, дунейм щыпэу, цIыхум и жьэжьейр хузэхъуэкIыным теухуа операцэ ищIащ.

♦1967 гъэм япэу ягъэлъэгъуащ режиссёр Гайдай Леонид триха «Кавказская пленница, или Новые приключения Шурика». Ар цIыхубэм нэхъыфI дыдэу ялъагъу фильмхэм ящыщ хъуат зэман кIэщIым къриубыдэу.

♦1973 гъэм штрих-кодыр - сатуэ ящIар нэрылъагъу зыщIэ Iэмалыр - къагупсысащ.

♦Совет тхакIуэ, журналист, къэрал дамыгъэ куэд зыхуагъэфащэ **Нагибин Юрий** къызэралъхурэ илъэси 100 ирокъу.

♦Америкэм щыщ актёр, режиссёр, «Оскар» саугъэтыр тIэу зыхуагъэфащэ **Брандо Марлон** къызэралъхурэ илъэс 96-рэ ирокъу.

♦Нэмыцэ политик, къэрал лэжьакIуэ цIэрыIуэ, ФРГ-м и канцлеру илъэс 16-кIэ щыта, Германие къэралитIыр зы хъужьыным хэлIыфIыхьа **Коль Гельмут** къызэралъхурэ илъэс 90 ирокъу.

♦Къэрал, парт къулыкъущIэу, Осетие Ищхьэрэм и президенту (1998 - 2005 гъэхэм) щыта **Дзасохов Александр** и ныбжьыр илъэс 86-рэ ирокъу.

♦Урысей математик, Урысейм щIэныгъэхэмкIэ и академием и вице-президент, МКъУ-м и ректор **Садовничий Виктор** и ныбжьыр илъэс 81-рэ ирокъу.

♦Актёр, УФ-м и цIыхубэ артист **Носик Владимир** и ныбжьыр илъэс 72-рэ ирокъу.

♦Америкэм щыщ актёр цIэрыIуэ, «Дыщэ глобус», «Эмми» саугъэтэр зрата **Болдуин Алек** и ныбжьыр илъэс 62-рэ ирокъу.

♦УсакIуэ, Адыгэ Республикэм щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Къуий Щыхьымбий** и ныбжьыр илъэс 57-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уфаущ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 11 - 13, жэщым градуси 5 - 6 щыхъунущ.

Зыгъэхьзырыр
ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Псалъэр бутIыпщамэ, аркъэн кIэлъымыдзыж.

Указ Главы Кабардино-Балкарской Республики

О внесении изменений в Указ Главы Кабардино-Балкарской Республики от 18 марта 2020 г. №19-УГ «О введении на территории Кабардино-Балкарской Республики режима повышенной готовности и принятии дополнительных мер по предотвращению распространения новой коронавирусной инфекции (2019-nCoV)»

1. Внести в Указ Главы Кабардино-Балкарской Республики от 18 марта 2020 г. №19-УГ «О введении на территории Кабардино-Балкарской Республики режима повышенной готовности и принятии дополнительных мер по предотвращению распространения новой коронавирусной инфекции (2019-nCoV)» следующие изменения:

а) пункт 2.1 дополнить абзацем следующего содержания:

«предоставление государственных, муниципальных и иных услуг в помещениях государственных органов, органов местного самоуправления, государственных и муниципальных учреждений (в том числе многофункциональных центров по предоставлению государственных и муниципальных услуг), за исключением услуг, предоставление которых может осуществляться исключительно в указанных помещениях, при условии обеспечения предварительной записи граждан. При этом государственные, муниципальные и иные услуги, предоставление которых возможно в электронном виде, предоставляются исключительно в электронном виде.»;

б) пункт 2.2 дополнить абзацами следующего содержания:

«работу объектов розничной торговли, за исключением аптек и аптечных пунктов, специализированных объектов розничной торговли, в которых осуществляется заключение договоров на оказание услуг связи и реализация связанных с данными услугами средств связи (в том числе мобильных телефонов, планшетов), специализированных объектов розничной торговли, реализующих зоотовары, а также объектов розничной торговли в части реализации продовольственных товаров и (или) непродовольственных товаров первой необходимости, указанных в перечне непродовольственных товаров первой необходимости (приложение №1), продажи товаров дистанционным способом, в том числе с условием доставки. При реализации хозяйствующими субъектами, осуществляющими торговую деятельность, товаров, входящих хотя бы в одну группу товаров, указанных в перечне непродовольственных товаров первой необходимости, такие хозяйствующие субъекты вправе реализовывать товары, не включенные в данный перечень;

посещение гражданами парков и скверов.»;

в) пункт 2.4 признать утратившим силу;

г) дополнить пунктами 2.6 - 2.8 следующего содержания:

«2.6. До улучшения санитарно-эпидемиологической обстановки обязать:

а) граждан в возрасте старше 65 лет, а также граждан, имеющих заболеваний, указанные в перечне заболеваний, требующих соблюдения режима самоизоляции (приложение №2), соблюдать режим самоизоляции (не покидать места проживания (пребывания), за исключением случаев прямой угрозы жизни и здоровью). Режим самоизоляции должен быть обеспечен по месту проживания указанных лиц либо в иных помещениях, в том числе в жилых и садовых домах. Данное ограничение не распространяется на руководителей и работников организаций и органов власти, чье нахождение на рабочем месте является критически важным для обеспечения их функционирования, работников здравоохранения, а также на граждан, определенных решением оперативного штаба по реализации мер профилактики и контроля за распространением коронавирусной инфекции в Кабардино-Балкарской Республике;

б) гражданам не покидать места проживания (пребывания), за исключением случаев обращения за экстренной (неотложной) медицинской помощью и случаев иной прямой угрозы жизни и здоровью, случаев следования к месту (от места) осуществления деятельности (в том числе работы), которая не приостановлена в соответствии с нормативными правовыми актами Российской Федерации либо настоящим Указом, осуществления деятельности, связанной с передвижением по территории республики, в случае если такое передвижение непосредственно связано с осуществлением деятельности, которая не приостановлена в соответствии с нормативными правовыми актами Российской Федерации либо настоящим Указом, выгула домашних животных на расстоянии, не превышающем 100 метров от места проживания (пребывания), выноса отходов до ближайшего места накопления отходов;

в) граждан соблюдать дистанцию до других граждан не менее 1,5 метров (социальное дистанцирование), в том числе в общественных местах, за исключением случаев перевозки пассажиров и багажа общественным транспортом, легковым такси.

2.7. Ограничения, установленные пунктом 2.6 настоящего Указа, не распространяются на случаи оказания медицинской помощи, деятельность органов государственной власти, органов местного самоуправления, правоохранительных органов, органов по делам гражданской обороны и чрезвычайным ситуациям и подведомственных им организаций, органов по надзору в сфере защиты прав потребителей и благополучия человека, иных органов в части действий, непосредственно направленных на защиту жизни, здоровья и иных прав и свобод граждан, в том числе противодействие преступности, охраны общественного порядка, собственности и обеспечения общественной безопасности, а также на граждан в случае наличия у них специальных разрешений, выданных по решению оперативного штаба по реализации мер профилактики и контроля за распространением коронавирусной инфекции в Кабардино-Балкарской Республике.

2.8. Органам власти, организациям и индивидуальным предпринимателям, а также иным лицам, деятельность которых связана с совместным пребыванием граждан, обеспечить соблюдение гражданами (в том числе работниками) социального дистанцирования, в том числе путем нанесения специальной разметки и установления специального режима допуска и нахождения в зданиях, строениях, сооружениях (помещениях в них), на соответствующей территории (включая прилегающую территорию).»;

д) пункт 5 дополнить абзацем следующего содержания:

«оказывать работникам содействие в обеспечении соблюдения режима самоизоляции на дому.»;

е) пункт 7 дополнить абзацем следующего содержания:

«обеспечить возможность оформления листков нетрудоспособности без посещения медицинских организаций для граждан, обязанных соблюдать режим самоизоляции в соответствии с настоящим Указом.»;

ж) дополнить пунктом 7.1 следующего содержания:

«7.1. Министерству труда и социальной защиты Кабардино-Балкарской Республики:

обеспечить оперативное взаимодействие с гражданами, соблюдающими режим самоизоляции в соответствии с настоящим Указом, в том числе по номерам телефонов (8662) 40-15-65, 42-26-78;

совместно с Министерством здравоохранения Кабардино-Балкарской Республики обеспечить в указанный период доставку гражданам, соблюдающим режим самоизоляции в соответствии с настоящим Указом, лекарственных препаратов, обеспечение которыми осуществляется по рецептам врачей бесплатно либо по льготным ценам, медицинских изделий, обеспечение которыми по рецептам врачей осуществляется бесплатно.»;

з) дополнить приложением №1 следующего содержания:

«Приложение №1
к Указу Главы Кабардино-Балкарской Республики
от 18 марта 2020 г. №19-УГ

ПЕРЕЧЕНЬ
непродовольственных товаров первой необходимости

1. Санитарно-гигиеническая маска
2. Антисептик для рук
3. Салфетки влажные
4. Салфетки сухие
5. Мыло туалетное
6. Мыло хозяйственное
7. Паста зубная
8. Щетка зубная
9. Бумага туалетная
10. Гигиенические прокладки
11. Стиральный порошок
12. Подгузники детские
13. Спички, коробок
14. Свечи
15. Пеленка для новорожденного
16. Шампунь детский
17. Крем от опрелостей детский
18. Бутылочка для кормления
19. Соска-пустышка
20. Бензин автомобильный
21. Дизельное топливо
22. Сжиженный природный газ
23. Зоотовары (включая корма для животных и ветеринарные препараты)»;

и) дополнить приложением №2 следующего содержания:

«Приложение №2
к Указу Главы
Кабардино-Балкарской Республики
от 18 марта 2020 г. №19-УГ

ПЕРЕЧЕНЬ
заболеваний, требующих соблюдения режима самоизоляции

1. Болезнь эндокринной системы - инсулинозависимый сахарный диабет, классифицируемая в соответствии с Международной классификацией болезней - 10 (МКБ-10) по диагнозу E10.

2. Болезни органов дыхания из числа:

2.1. Другая хроническая обструктивная легочная болезнь, классифицируемая в соответствии с МКБ-10 по диагнозу J44.

2.2. Астма, классифицируемая в соответствии с МКБ-10 по диагнозу J45.

2.3. Бронхоэктатическая болезнь, классифицируемая в соответствии с МКБ-10 по диагнозу J47.

3. Болезни системы кровообращения-легочное сердце и нарушения легочного кровообращения, классифицируемая в соответствии с МКБ-10 по диагнозам I27.2, I27.8, I27.9.

4. Наличие трансплантированных органов и тканей, классифицируемых в соответствии с МКБ-10 по диагнозу Z94.

5. Болезнь мочеполовой системы[1] - хроническая болезнь почек 3 - 5 стадии, классифицируемая в соответствии с МКБ-10 по диагнозам N18.0, 18.3 - 18.5.

6. Новообразования из числа[2]:

6.1. Злокачественные новообразования любой локализации[1], в том числе самостоятельных множественных локализаций, классифицируемые в соответствии с МКБ-10 по диагнозам C00-C80, C97.

6.2. Острые лейкозы, высокозлокачественные лимфомы, рецидивы и резистентные формы других лимфопролиферативных заболеваний, хронический миелолейкоз в фазах хронической акселерации и бластного криза, первичные хронические лейкозы

и лимфомы[1], классифицируемые в соответствии с МКБ-10 по диагнозам C81-C96, D46.

[1]При применении самоизоляции допускается посещение медицинской организации по поводу основного заболевания.

[2]Самоизоляция не распространяется на пациентов, отнесенных к третьей клинической группе (в онкологии).».

2. Настоящий Указ вступает в силу со дня его официального опубликования.

Глава Кабардино-Балкарской Республики К. КОКОВ

город Нальчик
31 марта 2020 года
№32-УГ

● Жылагъуэ палатэм

КІэлъыплъыныгъэр къызэрагъэпэщ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Жылагъуэ палатэм иджыблагъэ щытепсэлъыхьащ Урысей Федерацэм и Конституцэм хальхьэ зэхъуэкІыныгъэхэм теухуауэ екІуэкІыну къэралпсо щІэупщІэныгъэм и цІыхубэ кІэлъыплъыныгъэр къызэгъэпэща зэрыхъунум.

ІУЭХУМ жыджэру тепсэлъыхьахэм ящыщщ КъБР-м и Жылагъуэ палатэм хэтхэр, абы и тхьэмадэ **Бгъэдыкъэ Зэуэрэталий**, республикэм и муниципальнэ Іэнатіэхэм я жылагъуэ палатэхэм я унафэщІхэр зэхэлъ гъэблагъэхэр. Абыхэм кьыхагъэщащ цІыхубэ кІэлъыплъыныгъэр фІагъ ин хэлъу икІи зэщІэгъэуІуэу къызэгъэпщынэм мы-хьэнэшхуэ зэриІэр.

ЗэІуцІэм и купщІэ нэхъыщхьэ хъуащ «Къэралым и Хабзэ нэхъыщхьэм зэхъуэкІыныгъэ хэлъхьэныр дуней псом зэрыщІадгъэкІуэкІыр» докладыр. Зыми и унафэм щІэмыт жылагъуэ къэпщытэныгъэр и щІэгъэкъуэн ар зэкІилъхьащ икІи къызэхуэсхэм я пащхьэм къырилъхьащ КъБР-м и Жылагъуэ палатэм хэт, юридическэ щІэныгъэхэм я кандидат **Мер Людмилэ**. Абы хьэлэмэт куэд кьызэщІиубыдащ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Жылагъуэ палатэм и Аппаратым и унафэщІ **Дьяченкэ Анна**, кІэлъыплъныгъэм и къызэгъэпэщыкІэм щытепсэлъыхьым, къыхигъэщащ Конституцэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэныр Федеральнэ Конституцэ Закон щхьэхуэкІэ зэрагъэзэащІэр. «Мыбдежьым къэралым и Іэтащхьэм и жэрдэмкІэ абы дыщІагъуэщ цІыхубэм и фІэфІыныгъэр демократиер и лъабжьэу къэгъэльэгъуэныр - урысейпсо Іэнэтіэр. Аращ унафэ пыухыкІар къыщащтэкІэ тегъэщІапІэ ящІынур», - жиІащ абы. Адэкіэ къызэхуэсахэр щыгъуаз ящІащ цІыхубэ кІэлъыплъныгъэр къызэгъэпэщынымкІэ муниципальнэ жылагъуэ палатэхэм дращІылІа зэгурыІуэныгъэм Іэ зэрытрадзам. КъищынэмыщІауэ, Дьяченкэ къигъэльэгъуащ жылагъуэ кІэлъыплъакІуэхэм хэтынухэм я спискхэр зэрагъэхьэзыр щІыкІэр.

ЗэІущІэм къыщыпсэлъа КъБР-м и Жылагъуэ палатэм Хабзэр гъэзэщІэныжмкІэ, цІыхум и хуитынигъэхэмкІэ, ІулъхьэІ тын-къеІыхьынм пэщІэтынымкІэ и комиссэм и унафэщІ **Бажэ Дотий** кьыхигъэщащ: «Гражданин жылагъуэм и институтхэр жыджэру зэрыхэтыр щыхьэт техъуэнущ Іэзэтыр къабзэу, зэІухауэ зэрекІуэкІым. КІэлъыплъныгъэ ткІийхэм Іэмал ятынкъым демократиер зи лъабжьэ Іэмалхэмрэ щІыхухэм я хуитынигъэхэмрэ кьыІэпэудыну».

Іуащхьэмахуэ муниципальнэ щІынальэм и Жылагъуэ палатэм и тхьэмадэ **Узденов Магомед** зэІуцІэм хэтхэр щигъэгъуэзащ кІэлъыплъакІуэхэр кьыхэхьныжмкІэ я щІыпІэм щекІуэкІ лэжьныгъэм. Абы кьыхигъэщащ спискэхэр зэхагъэувэныр зэман кІэщІ щыем зэрекІуэкІыр икІи цІыху куэдым нэхъ зыхуэфащэхэр псынщІэу къахьыхьи зэрыкІуэйр.

Конституцэм халъхьэну зэхъуэкІыныгъэхэм ехьэлІа Іэлэтыр щекІуэкІыну пІалъэр Урысей Федерацэм и Президентым зэригъэІэпэхъуар къалъытэри, зэІущІэм хэтхэм унафэ къащтащ абы зыхуэгъэхьэзырыным республикэм адэкІи щыпащэну.

КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и пресслъэхущІапІэм дыдэзыщигъэгъуэзамкІэ, коронавирус уз зэрыщІалэм кьиша щытыкІэ гугъуэм кьыхэкІыу, мы зэхуэсыр ирагъэкІуэкІащ кьыхуагъэуэва санитар-гигиенэ мардэ псори ткІийуэ ягъэзащІэу.

КЪАУДЫГУ Заур.

● Ди махуэгъэпс

Нэщэнэ дахэ

Мэлыжьыхьым и 1-р Бзуэхэм я дунейпсо махуэр къэрал куэдым щагъэльапІэ, ЮНЕСКО зэгухьэныгъэм дежь щызэхалъхьа «ЦІыхумрэ биосферэмрэ» программэм ипкъ иткІэ. Хабзэ зэрыхъуащи, балигъхэмрэ ныбжьыщІэхэмрэ мы махуэм игъэуб псым тес кьыуэхэмрэ зэгуи щыІэпхъэ кьуалхэмрэ пащІэ яуха абгъуэ Іэрыщ-хэмрэ унэ щыкІухэмрэ.

Совет Союз къэралышхуэу щытам и тхыдэм зымащІэкІэ дриплъэжьищи, Украинэм щежэх Днепр псышхэм и курыкупсэм хуиту зиужьгъэзэгъа Хортицэ хьтІыгу щІэрыІуэм щыпсэуэхэм я щІэблэр езыгъаджэу щыта Бузук Пётр 1910 гъэм абдежым япэ дыдэу щызэщІигъэІуат «ЦІыуэпсыр зыхьумэхэм я жылагъуэ» зыфІища и зэгухьэныгъэ тельыджэр. ГъэщІэгъуэныр араущи, абы и нагъыщэу игъэувар бзу абгъуэт...

1917 гъэм екІуэкІа Октябрь Революцэ Иным и ужькІэ, мы Іуэхур тІэкІу яІэщІэгъэгъуэщкІыжьауэ щытами, 1924 гъэм аргуэру кьыхалъхьэжри, 1926 илъэсым кьыщыщІэдзауэ Бзуэхэм я дунейпсо махуэр СССР-м и дэнэ лъэныкъуэкІи щагъэзльапІэу ирагъэжьэжат.

Мы махуэр 1927 гъэм Москва зыгъэльэпІэхэм я бжьыгъэр мини 5-м щынэблэгъаІэ, 1928 гъэм ар мин 65-м щыщхьэдэхат. Абы щыгъуэ ныбжьыщІэ цІыкІухэм бзу абгъуэ Іэрыщу адэкІэмыдзкІэ щагъэувам я бжьыгъэр мин 15-м щІигъат. Къызэгъэщыпхъэщ, Бзуэхэм я махуэм апхуэдэ гулъытэ дызэрыт лъэхъэнэм щыхуамыщІыжьифми, ар гъэтхэр къызэрихьам, абы цІыхухэр дызэрыщыгуфІыкІым и нэщэнэ дахэу зэрыщытри.

КЪУМАХУЭ Аслъан.

АбытІэ Зулхьэчим и уэгу вагъуэ нэхур

«Куэд къэзымыгъащІэу куэд зыльэжьа» зыхужаІэ-хэм ящыщщ ди лъахэгъу щыпкъэ АбытІэ Зулхьэчим Мурадин и къуэр. Илъэс 43-рэ фІэкІа къиГъэщІэну къызыхуимыуха адыгэ щІалэм а зэман кІэщІым къриубыдэу хуэзфІэкІащ куэдым илъэси 100-кІи яльэмыкІ ІуэхугъэкІэ. 1941-1945 гъэхэм екІуэкІа Хэку зауэшхуэм лІыхъужьу зэрызэхтам нэмыщІ, АбытІэр цІэрыІуэ хьащ зэфІихуа гуащІэдэкІ лъэныкъуэмкІи. ЩыІуэпс хъугъуэфыгъуэкІэ къуелай Тырныауз бгы лъагъуэхэм япэу кІуэцІрыкІа Іэщ ІагъэлІхэм яхэтащ ар. Зи дэтхэнэ махуэри ІуэхуфІкіэ гъэнщІауэ псэуа Зулхьэчим, зауэлІ хахуэм, лэжьакІуэхуэм, хэкупсэ нэсу зи гъащІэр езыхьэкІам, и цІэр куэдым ящыгъупщакъым ноби.

БАХЪСЭН щІыналъэм хьихьэ Зеикъуэ адыгэ къуажэхэм ящыщ 1917 гъэм къыщалъхуащ АбытІэ Зулхьэчим. Абы и адэ-анэхэу АбытІэхэ Мурадинрэ Чэбыхьанрэ (ар Ахъмэтхэ яІахьут) бынитху яІащ: Башир, Нуралий, Зулхьэчим, Щэмэхьун, Хьыджэбз закъуэ Шамкьыз. ЗэгурыІуэрэ зэдэІуэжрэ зэрыльэ АбытІэхэ я унагъуэр гъащІэм иІэ хьуа унэтІыныгъэщІэм и тельхьэт, къалщхьэуэ щІэблэри абы хуауащийуэрэ къагъэхьуат. Быным хуащІа гурыльэ дахэ псоми хунэмысу, унагъуэм и щІэгъэкъуэн нэхъыщыхь Мурадин ящхьэщыщуКІуриикІащ. Гуауэшхуэт ар Чэбыхьан и дежкІэ. Бын нэхъыжьхэр и дэІэпыкъуэгъуу Чэбыхьан иплащ нэхъыщІэхэр. Зулхьэчим еханэ классым щІэст абы щыІуэ, еджэныр Іэщ щІидыІуи, и анэм бгъуриту колхоз губгъуэм лэжьэн щыщІидзащ.

Лэжьыгъэм и гугъуэгъэр, Іэпкъльэпкъым кьекІуэ пщІэнтІэпсым и шыугъагъыр пасэу зыхищІащ Зулхьэчим. АтІэми ар кьыпикІуэтажьам гъащІэм кьыпигъэтІылъа льэпощхьэпохэм, абы и гугъуехэмми зэрыпхыкІыфын къарурэ зэІэпхъкІэ Тхьэшхуэрэ къыдэІэпыкъуащ. Тырныауз вольфрам-молибден комбинатым и ухуэныгъэр лІэщІыгъуэ кІуам и 30 гъэхэм я кІэухым ди республикэм щаубла нэужь, АбытІэм мурад ищІащ къэралпсо мыхьэнэ зиІэ а Іуэхум хьыкьну. Апхуэдэуи ищІащ. «Молибден» рудникым уэрэдщэІ гъащІ кІапсэ Іуэгугъум япэ дыдэу щытеуа махуэр куэдрэ игу кьиГъэкІыжырт Зулхьэчим. Абы и кьалэнт щІым кьыщІах фІыгъуэхэр вагонеткэкІэ кьыІуишыну. Лэжьыгъэм зигурэ зи псэри хуэзІуэха щІалэщІэм кьызыхуэтэныншэу иІуэззащІэрт пщарыль кьыхуащІа къралэнэр, нэхъыжьхэм я жыІэм едаІуэу, абыхэм я чэнджэщхэм ириКІуэу. ЩІалэм хэлъ жьыджэрагъым, жэуаплыныгъэм гу лъамытэу я къэнакъым рудникым и унафэщІхэм икІи куэд дэмыкІыу ар щІыр зыубруухэм хагъэхьащ. Къуршыр зыгъэІурыщІэ, къикІуэт зымыщІэу бгым пхыкІ лэжьакІуэ ерыщым, къару зиІэм и унэтІакІуэт шахтёр Іэкіуэльакіуэ икіи нэхъыжьыфІ Моисеев Иван, уБруукІуэ Іэщ Іагъэм хэлъ щхьэхуэныгъэхэмрэ щхуэхэмрэ адыгэ щІапащІэр щигъэгъуэзэу. Абы и нэІэм щІэту, пэжьыгъэм гумызагъэу бгъэдэт, зи мазуэ къьалэнхэр планым щІигъуу къъезыхьэлІэ щІалэ Іэдэбым ехьулІэныгъэ куэд щызыІэригъэхьащ Іэнатіэм. Зулхьэчим и псэ хьэлэл лэжьыгъэм къыпэкІуэрт комбинатым и унафэщІхэм къабгъэдэкІ щытхъу, фІыщІэ тхьилъхэр, ахъшэ саугъэтхэр.

Хэку зауэшхуэр къыщыхъея илъэсым АбытІэм и лэжьакІэфІым нэхъри зригъэубгъуауэ. «Псори фронтым папщІэ! Псори ТекІуэныгъэм папщІэ!» къыхуэджэныгъэхэм щІэту лажьэрт абы щыгъуэ зэрыкъэралу. АбытІэмрэ абы и ныбжьэгъуэхэмрэ мазуэ къэс хагъахьэурт рудник къыщІахьым и куэдагъым. Абыхэм нэсу къагурыІуэрт езыхэм я лэжьэкІэм куэд зэрельэтар. Бийр ди щІынальэм гъунэгъу къыщыхуэхьум, комбинатыр зэхуащІауэ, и Іэщ Іагъэлэхэр хуит ящІащ лэжьыщэ зэрыпхъуакІуэхэр ядынэмыса, Кавказ адрыщІымкІэ щыІэ апхуэдэ заводхэм я лэжьыгъэм щыпащэну. Зауэм кІуэну хуейхэри мымащІу къахэкІащ бгым щылажьэхэм. Абыхэм яхэтт АбытІэ Зулхьэчиими. Абы занщІэу НалшыккІэ кьиунэтІащ, арщхьэкІэ фронтым дэкІыну гупыр щрагъэжьэнур къыкІэлъыкІуэ махуэрати, Зеикъуэ дэкІуеижащ. А жэщым зэбгъэдэсыжащ анэмрэ къуэмрэ. Зулхьэчим и анэм и гур фІы хуищІырт, зихъумэжыну, зыщІысхьыжыну къиГъэгугъэрт. ПщэдджыжьыМ жьыуэ къалащхьэм игъэзэжажу щІалэм, фронтым дэкІыну. Зи къуэ нэхъыжь Башир зауэм хэкІуэда анэм, и псэр дзапэкІэ иЫгГъыу жьыхуаІэм хуэдэу, жэщи махуи Тхьэм елъэІурт, Зулхьэчим кІыхуихъумэну.

Апхуэдэу, 1942 гъэм и зауэгъуэгъэм АбытІэ Зулхьэчим зауэ Іэнатіэ псэзэпылъхьэпІэм пэрыуащ. Зэрылэжьам хуэдэ дыдэу, и кьарби, и гъащІи щымысхьу, зэуащ ар. Япэ щыкІэ ар пулемётчикыу хэтащ Кавказ Ищхъэрэм бийжэм щапэщІэт 1250-нэ фочауэ полкым. Зэзауэ гущІэхэм хэту уІэгъэ хъури, уІэгъэщым щІэхуащ. И узынщагъэр ефІэкІуэжа нэужь, сэлэт хъыжьэр Белоруссэр, Прибалтийскэ фронтхэм щызэуащ, лІыгъэ кьигъэльагъуэу, 1944 гъэм командованэм и унафэ хэхар игъэзащІэу, Зулхьэчим уІэгъэ хьэлъэ хъуащ, ауэ аргуэру (иджы етхуанэ) абы и псэр кьихъумащ Тхьэшхуэм. СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и унафэкІэ 1944 гъэм и бадзэгъэгъуэм абы кьратауэ щытащ «Хахуэгъэм папщІэ» медалыр. А дамыгъэр зыхуагъэфащэр лІыгъэшхуэ къызыкъуэкІ зауэлІхэрат.

Мазитум нэскІэ уІэгъэщым щІэлъа нэужь, езыр щІэлъэІуами, фронтым Іуамыгъэхьэжу, АбытІэр унэм кьагъэкІуэжащ. И узынщагъэр нэхъ зэтеувэжа нэужь, Зулхьэчим льэІуат зэуапІэм игъэзэжыну, арщхьэкІэ аргуэру кьыхуадащьам ар. Бийм зэтрикъута жьыуэ и гъащІэр щызэтезыгъэувэжхэм яхьихьащ ар занщІэу. Кьуажэ советым счетоводу щылажьэ пэтми, абы игури и псэри Тырныауэкіэ еІэрт. А хъуэпсапІэр АбытІэм щызыІэригъэхьэфар зауэр иухыу цІыхухъуэхэм (куэд мыхъужми) жьыпм кьагъэзэжа нэужьщ. Кьуажэм гъэпсыкІыгъэр иджы зэфІэзыхьыфныжэм ящыщт Зулхьэчим ныбжьэгъуфІу иІахэу Къущхьэ КІыщыкъуэ, Шафий Хьэчим, Гъуклэ Іл Мухьэмэд, Щомахуэ Льостэн сымэ, нэгъэщІэхэри.

1946 гъэм и гъатхэм Зулхьэчим пэрыуэжащ фІыуэ илъагъу и Іэнатіэм. Лэжьэни щІидзэжащ, цІыхуитІщым я планыр игъэзащІэу, и кьарби, и зэфІэкІи щымысхьу, и гъуэ адрей убруакІуэхэри Іуэхум тригъэгушхуэу, хузэщІигъэІуэу. Лэжьыгъэм щыпсэемыбгъэр хьуэ дэфтэрхэр: больничнэ листымрэ (электрон тельэкІи хъунущ) COVID-19-м и диагнозыр зэрыхуагъэувар кьэзыгъэльагъуэ документыр, коронавирусым и зэранкІэ Іэнатіэм зэрыІуагъэкІар е лэжьыгъэмрэ улахуэмрэ зэрызахъуэжар зэрытха трудовой книжкэр е абы щыхьэт теухуа официальнэу щыт нэгъуэщІ тхылъымпІэр.

Адэкіэ, кредит канкиулхэ хуагъэувыну зэрыщІэлъэу анкетэр банкым и сайтым и «Кредиты - Реструктуризация» Іыхьэм иралъхьэн хуейщ, и сурэтымкІэ е и паспортым теха сурэтымкІэ (е хэтми къэзыгъэльагъуэ нэгъуэщІ документкІэ) щІигъэбыдэжу. Банкым къищта унафэм апхуэдэхэр щигъэгъуэзэжынуц.

«Дэ кьыгуроІуэ ди щІыхуэ зытелъхэр иджыпсту зыІуувэну гугъуехьэр зыхуэдизыр. Шэч хэлъкъым абыхэм ящыщ куэдыр кредитымкІэ я кьалэнхэм зэрыпэмыльэщыфынуми. Абы кьыхэкІыу дэ зэхэтлъхащ кредит каникулхэр тыншу икІи псынщІэу илъэс ныкъуэкІэ щызыІэрагъэхьэфыну Іэмалхэр. Дэ тпъэкІ къэдгъэнэнкъым ди клиентхэм мы зэман хьэлъэм защІэдгъэкъуэн папщІэ. Ар нэхъ псынщІэу зэфІэкІынущ, коронавирусым и зэран къаэрекІам щыхьэт техъуэ документхэр и чэзум кьыдахьэлІэмэ, армыраУэ лъэІуэхэр гъэзэщІа хьуфынукъым», - жеІэ Урысейм и Хьэмапіэ банкым и вице-президент Дегтярёв Максим.

ХЬЭТАУ Ислъам.

ЩІыхуэ къэзыщтахэм щапшыныжыну пІалъэр хуагъэІэпхъуэ

● Банк Іуэхухэр

щхьэусыгъуэм щыхьэт техъуэ дэфтэрхэр: больничнэ листымрэ (электрон тельэкІи хъунущ) COVID-19-м и диагнозыр зэрыхуагъэувар къэзыгъэльагъуэ документыр, коронавирусым и зэранкІэ Іэнатіэм зэрыІуагъэкІар е лэжьыгъэмрэ улахуэмрэ зэрызахъуэжар зэрытха трудовой книжкэр е абы щыхьэт теухуа официальнэу щыт нэгъуэщІ тхылъымпІэр.

Адэкіэ, кредит канкиулхэ хуагъэувыну зэрыщІэлъэу анкетэр банкым и сайтым и «Кредиты - Рефинансирование» Іыхьэм ирагъэхьэ ехьыщІ, и сурэтымкІэ е и паспортым теха сурэтымкІэ (е хэтми къэзыгъэльагъуэ нэгъуэщІ документкІэ) щІигъэбыдэжу. Банкым къищта унафэм апхуэдэхэр щигъэгъуэзэжынуц.

«Дэ кьыгуроІуэ ди щІыхуэ зытелъхэр иджыпсту зыІуувэну гугъуехьэр зыхуэдизыр. Шэч хэлъкъым абыхэм ящыщ куэдыр кредитымкІэ я кьалэнхэм зэрыпэмыльэщыфынуми. Абы кьыхэкІыу дэ зэхэтлъхащ кредит каникулхэр тыншу икІи псынщІэу илъэс ныкъуэкІэ щызыІэрагъэхьэфыну Іэмалхэр. Дэ тпъэкІ къэдгъэнэнкъым ди клиентхэм мы зэман хьэлъэм защІэдгъэкъуэн папщІэ. Ар нэхъ псынщІэу зэфІэкІынущ, коронавирусым и зэран къаэрекІам щыхьэт техъуэ документхэр и чэзум кьыдахьэлІэмэ, армыраУэ лъэІуэхэр гъэзэщІа хьуфынукъым», - жеІэ Урысейм и Хьэмапіэ банкым и вице-президент Дегтярёв Максим.

ХЬЭТАУ Ислъам.

ЕтІуанэу дунейм къытохьэ

● Тхылъыщ1Э



Котляровхэ Мариерэ Викторрэ я тхылъ тедзапІэм иджыблагъэ къыщыдэкІащ «Страна Прометея» фІэщыгъэм щІэту Чхеидзе Константин и Іэдакъэ къыщІэкІа тхылъ. «Къэбэрдей-Балъкъэрым ис льэпкъхэм ятеуухуа кьыдэкІыгъуэ нэхъыфІ - псалъэхэр абы и жинтым тетщ. 2004 гъэм дунейм кьытехьа тхылъым елъэитауэ иджырейм тхыгъэщІэ куэд дэщІыгъуэщ, псом хуэмыдэу зыкъэзгъэщІпхъэщ балъкъэр лъэпкъым хуэхэа «Къэрэзэжьыгъуэ» Іыхьэр.

«СТРАНА Прометея» тхылъыр Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхухэм, абыхэм я хабзэ екІуэм, псэукІэм, псэкупсэ льапІэныгъэхэм теухуащ. Сыт и уасэ щІыуэпсым ехьэлІауэ узыщІрихьэлІэ Іуэтэжхэр! «Бгыимрэ бгырыскэмрэ» япэ Іыхьэр Япэ дунейпсо зауэм ипэ къэхуэ Іуэхугъуэхэм топсэльыхь. ЕтІуанэр - «Заурбэч» - граждан зауэм и лъэхъэнэр Даутокъуэ - Серебряков Заурбэч и гъащІэ гъэзэгуанэмкІэ Іупщу ди нэгу кьыщІегъэуэвэж. Чхеидзе Константин и Іыхьэжьхэр кьэщІыхугъуафІэщ, абыхэм я гъащІэ гъуэгуанэм пщІы зэрыкІэримылъхьэр тхылъым и фІагъхэм ящыщщ. Ауэ кьыхэгъэщІпхъэщ авторым и Іыхьэжьхэм я унэцІэр зэрихъуэкІын хуей зэрыхьэр (абыхэм я благъэхэмрэ Іыхьэлъхэмрэ и зэран емыкІын папщІэ).

Тхакіуэ, философ цІэрыІуэ Чхеидзе Константин (1897-1974 гъ.) дежкІэ ди щІынІэр щалъхуа, фІыуэ ицІхуу щыта щІыналъэ къудейкъым, атІэ и псэм зыщигъэпсэху дунейуэ иІащ. «Кавказыр лІэщІиг

МЭШБАЩІЭ Исхьэкъ

Уафэбгыкъу и нэлат

Тхыдэ роман

(КІэлъыкІуэр. ПэщІэдзэр №37-м итщ).

ЛІэщІыгъэ курытхэм я пэщІэдзэм Кърым хытІыгуныкъуэм итІысхьауэ щытащ тедзэщ-тедзэщу къэгъуэгурыкІуэ «кипчак-половцы» жьихуаІэу, тІыркубзэ зыІурылъ лІакъэгъэ. ЕпщыкуІщанэ лІэщІыгъуэм а хьпІыгуныкъуэр монгол-тэтэрэхэм яубыдри, щыІнальэм и зэхуэдитІыр Дышэ Ордам зыкІэщІиупщІащ. Аргуэру зы лІэщІыгъуэ дэкІыжауэ, хьпІыгуныкъуэм исхэм ислъам диныр къащтэщ, иджыри зы лІэщІыгъуэ кІэлъыкІуэтэжри, 1443 гъэм, Хьэжы-Джэрий кърым хъаным лъэпкъ зэхуэсыжьыгъуэу щІынальэм исыр зыкъуигъэуващ. НэгъуэщІ тепщэгъуэхэм Іыхьэгъу яхуэмыкъуэн папщІэ, зи щхьэ хуэпсэуж Кырым хъаныгъуэ зэригъэпащІащ, Тыркир и щапхъэу, Бахъшысэрей къалащхэр иухуэри дэтІысхьэжат. Арщхьэкіэ щІэх дыдэ Хьэжы-Джэрий щІэрвэн хуей хъущ Кырымым щыІэ ренуэз къалэхэр зауэкІэ зыІэщІэзыубыдауэ Уэсмэн Тыркум и тепщэгъуэм. Нэрылъагъущ хъан ранжу щыта а Хьэжы-Джэрий деж щегъэжьауэ Кърым хъаныгъуэр зы махуи мыхьэ[1] гъуэтыгъуэ зэримыхуар. Абы къыхэкІыуи, «зи щхьэ хущыт къэралыгъэм» и фІэщыгъэ нэпцІри къэнэжащ зэрынэпцІу.

Зи тетыгъуэр «Къэнжал» зауэм хиубыда Къаплъэн-Джэрий, нэхъапэкІэ щыІа хъанхэми хуэдэу, Уэсмэн Тыркум и хьэІухубжэхэуэщІт. Кърымым ис мырэз-дзэпщхэм (хъан хэхыгъэм Іуэхур щІэзэрянэхьэсхэм) Къаплъэн-Джэрий и пхъэ хъыщІрагъэкІари ар, езыхэр зэрыхуейм ещхьу, Тыркум и хуХъэ-псыхьэу зэрыщыІыт. Щэнныщэу, Кърым тхыдэм къыжащ Тырку жагъыным хуэмыуджа хъанхэр. Ауэ щыхъукІи, «цІэр бжьакъуэпэм фІэзэгъэгъуейти», апхуэдэхэм къэдрэ ирагъэЫгъакъым тетыгъуэр.

Лъэпкъ зэхуэмыдэхэр зыгъэгулэзу къеІуэкІа Кърым хъаныгъуэм екъэлІауэ сыт хуэдэ хъыбархэр Іуэрыіуатэм щІэзэтримыхьами, дунейпсо тхыдэм Кърымыр[2] зэрыхьхьар и зауэлІ залым гущІэгъунщхэм я фІыщІэрщ.

1708 ГЪЭМ и щІышылэщ. Адрей гъэхэм елъытауэ мыгъэрей щІымахуэр щытКІийкъым Кърымым и къалащхэ Бахъшысэрей. Бурунчак дэкІыпІэмкІэ тенджызым къыхиху уейпсейр къежьэпщауэуэрэ Кырк-Ор быдапІэм къыдопщэ. Къалэм и хэгъэрейц апхуэдэ жьапщэр. Жэщ хэкІэсам и сабиР щхьэхьинэр абы дэпІейтейрКъым. Хьэуа умэзэхам йощхьэукъуауэ къалэ мамырыр. Жасы нэмэзым и уахътэр икІуэтри, аэзн джэ макъыр жэщым хэдиихьыжащ. ПсыхъуэмкІэ къыщІоІу Чурук-Су къуршыпсым и хъушашэ іухъыншэр. Къэзэрышх макъи, шыдхьэІуу ерыщхэм я Іуеи, адакъэІуэ зэпэджи имыщІэу щымщ къалащхэр. ЩыхупІэ куу кІыфІым щхьэщыжьыхьа къыр нэз эрамыщІэжри жэщ къарэм щэхуу йопщыхьакІуэ. А къутахуэ абрагъуэхэм вындыч шыпэхъаёру закъезыпхъух уафэ щІэнІшэм вагъуэджэм цІыщхъуэр Іьагъэу щопщыпщІ. Хьэщыкъ зэхуэхьуэрэм къищынэмэщІа, зыми къыфІэмыІуэху а вагъуэ зеиншэхм гу хуэмыитэхэ хуэдэщ іитІэльитІэу жэщ Іуе жеЙІэпплІэм ищэтэж Бахъшысэрей.

Жасы нэмэзыр щІын иухри, Къаплъэн-Джэрий хъан нэмэзыкъыр къитэтащ блыным фІидзэжьну. Хьаныр илъэс щэщІым хэтщ. Езыр теплъафІэщ, ипкъ екІужу хуэфэщэн лы зытелъ лЫ нэкІущхьэплъщ.

... Пъэмакъыншэу, Іэдзбу пэшым къыщІыхьащ хъангъащэ Алсу, мэ Іэфі гуакІуэм и жьыхур даназпс лъэужьу къыздихьу. Макъ пІытІахуэр зэпишурэ хъаным зыхуигъаззэр:

- Си нэхэм я нэху! Уэ къыптехуэрэт-тІэ нэмэзлыкъ фІэбдзэну? НэгъуэщІ къалэн зимыІэ мо уиІэут Іуэхуншэ гупым езгъэгъейр сыт?..

- Сэ ар щІызытезгъахуэр, си тхъэІухуд, Алыхьышхуэм и хьэтырырщ. Аращ закъуэр. Аращ дызыуэщІыр.

- Пэж дыдэу жьпІащ, си нитІым я нэху, - и щхьэ щІыкІур арззыуэ егъэсыс Алсу (лІым сыт жимылами арззыфэ зытригъаъэрт абы). - Уэ узилІыкІуэ Алыхьым и нэфІу, гъуаэз пэжыр тхуэзыгъэльагъуэм и нэІэр дгъэфІэну ди къалэнщ.

- Си тхъэІухуд, Алыхьым сэ сриліыкІуэу жьпІэу, зэи уи пси си пси гуэныхь къіттумыльтхъэ. Бегъымбар лъапІэу Мухьэмэдырщ Алыхьым и лІыкІуэр. А зырщ.

- Пэжу?.. - Алсу зигъэсабиифэу щІоупщІэри, зигъэзэхуэжу къыпещэ: - Ар щІыжьпІэр, Ахьмэд тырку сулъТаныр... а пщэдей зи деж уежьэнур, ар Алыхьым и лІыкІуэу жаІэрти...

- Сумыгъапщэт! - хъаным уэщу пеупщІри, банэу Іуреубэж, тІэкІу зэрыригъэлеяр нэгъуэщІкІэ щхьэдигъэІуухьи и хьисэпу, и бзэгупэ къытещхьэрыуар къепсэлъ: - Дэнэ щыІэ Налмэс пщащэр? Нобэ лъандэм си нэгу къыщІэхуакъыми?

Хъан гуащэм, мастэпэ къыхэуа нэхъей, и набдзэ псыгъуитІыр дэпкІейри, нэ фІыщІэ пІащІэхэм блапщІэ хъуаскІэ къащІэлыдащ.

Хъаным, имыщІэххэу, лы щІынэм шыгъу Іэмыщ1э трипхъауэ арт! Зыхуэшыпэнт бзыльхъугъэм?! Гушыіэпщі эзым бзэ щхъухь псантхуэр щІилъэфри:

- Сымыгъуэт, хъан! Мо шэрджэс мыщхъуэмыфэ уэдыкъуаижь цІыкІум ухуэзэщу жумыІэ иджы... Щызэкіуэкіэ мэдзыргъ и къупщхь зэкІэрыблабгэхэр!

- Сыт мыгъуэ жьпІэр, си дыгъэщІгъэ?.. - фэрыщІу зыІурелъэфэж Къаплъэн-Джэрий, - уэ зыращ жэщмахуэм нэгум щІэмыкІыу, сызыхуэлІэр!

Пщіы зэфэзэщт хъаным жиІэр... Цыхухъу лъапсэм зэрихабзэу, Къаплъэн-Джэрий и гум хэпъыр зыт, и Іупэм телъыр нэгъуэщІт. Теплъэкіэ Налмэс иригъэщхь пщащэхэмрэ бзыльхъугъэхэмрэ хъаным и хъуапсэефрыкІт. Блэкірэ пэт Налмэс Іуплъэмэз, лІым игу щыкырыжьыр шэхуэ Іэтіэльатіэу щыІэтэрти, щыгъупщэжырт дуней иным нэгъуэщІ бзыльхъугъэхэри зэрыщІэзекІуэр...

- СымыщІэ... СымыщІэ, - аргуэру Алсу зэбгреку хъаныр езыхьэжа нэкІыфэщІ хъуэпскІыр.

- А псалъэмакъыр къызымыщІэкІыну дапщэрэ бжесІат? Абы нэхърэ мыдэ си щхьэр схуэупси нэхъыфІщ, жэщыр хэмыкІасэу. Уэ пхуэдэу зыми хуэщІыркъым ар. Мыдрейуэ: шэрджэс бзыльхъугъэ си бгъафэ щызгъэфІэну зэи гупыж сиІакъым, сыщцыхуэмеихэр иджыпсту уэ ущызигъусэрщ.

- Ы-ыы-ы... Щхьэупсыгъуэм нэсмащ уигу сыкъыщыкІыжыр, - зегъэгъсапэри Іупэплъ цІыкІур, накъырэ ІупщІакІэу, егъэутІэрэкъ Алсу.

- Апхуэдэу жумыІэ, си дахэ. Мыдэ, ныжэбэ...

НетІэ хъамылыфэу щыта Алсу и нэкІущхьитІыр иджы шкІэплъ дыхьэрэну къэщІыплъат. Дыщэ уагъэр дахэу зэта пыІэ щхьэгуэ хъурейм щхьэ нальэ жэрхэр кІэщІигъэзагъэ зищу пэщащэуэрэ «ныжэбэм...» къыкІэлъыкІуэу хъаным нимыжьІыса гурыфІ щхэум кІэлъыщатэри щыкІейІуэ гуоуащ:

- Налмэс! ЗызыхуэпІэжьэжу сыт дыщІызыпэбгъапплъэр? Зэхэпхыркъэ?! КъакІуи хъаным и щхьэр хущІ!

Щхьэгъуэсэм и кІий макъ щыкІэнІшэм зэгуигъэна Къаплъэн-Джэрий екъэкІимыщІу:

- Апхуэдэуэрэ ухуимылъыт а пщащэм!

Алсу зэгуэудыпэнут иджы. ИгукІэ: «зэхэпхрэ абы жиІэр... И къуэш Шэхьбзэ-Джэрий Бесльэнейм къыщращІар щыгъупща нэхъей! Щыгъупщаи, щыгъупщаи ди мырзэхэр Къэбэрдейм къызэрыщаукІар... Еплъыт абы! Ирауд бэнэнкІэ зигъэнщІыркъым. Зэ догуэ мыдэ... Сэ нэхъ сщІэнщ апхуэдизу сакъыу зи цІэр бгъафІэ къэбэрдей пщащэм сытыр хуэфащэми! Зы ныкъуэдыкъуэ гуэрым фызу естынщ. Сэ сыхуиту щытатэми, аджьдэ! ... Адыгэ тыхь пщащэу мы хэкум ис псори унэІут-унэщхьэрыкІыу ятезгъушэнт зауэм къыщаупщІэтыхьа дилІ Іэшэлъашэхэм; щІалэжь цІыкІуэрти - сызэрыхуейуэ, адыгэхэр дунейм тралъагъуэ мыхъуу згъэсэнти, езы адыгэ-шэрджэхэсэм я ажал залыму згъэшэсыжьынт! СыткІэ щІагъэ, тырку сулъТаным и щхьэгъуэр адыгэмэ?... Хъанхэми, сулъТаным зрагъащхьыну хэтщи, ди Іьэпкъэгъу пщащэхэм блэпІыькІыурэ, шэрджэс бзыльхъугъэхэр щхьэгъуэсу къашэ. Апхуэдизу зэрызыІэпашэрщ къызэгурымыІуэр? Мы ди ІуэхутхьэбзащІэжь щІыкІум ещхьу, ерагъмыгъуейуэ ди бзэм ебыркъешыркъ мыхъумэ, ирипсэлъэфи къазэкІыркъым! И къалащхэ Москвар мафІэм хуиту едгъэууэ, езыри гъэрыпІэм итшэ пэта уряс пащтыхьым и щхьэгъуэсэри адыгэт-тІэ... А благъагъэр сыткІэ къахуэсэбэта ряус пащтыхьыр зыгъэмалъхъэхэм?!»

Хъангуащэм мыхьэморэ ищІыну зэлаІІэ пщащэр, къубГъанрэ псырэ къихьри, щтэІэщтаблэу къыщІыхьащ зэщхьэгъусэхэм я пэшым. Ипъэс пщыкІуийм хэт къыщІэкІынт ар: щихуцІынэ лІантІэу псыгъэт, нэфІыщІэ нэкІухут, псы хуэм ес къыууэ щабэрыкІуэ Іэсэт. Хъангуащэр Налмэс щыІуплъэм, сыт щыгъуи хуэдэу, нэхъ щІалэ-нэхъ дахэм иращІэкІ фыгъуэ ззэзыр и кІапщІэ дакъэм къыщцхьэщІэхтхьэри, гужьгъэжь хэлъу:

- Дапщэрэ бжесІа мы бостей укъуеижар зыщцмыІэгъэну!

- Хъангуащэ, нурыр зыщхьэщыт хъаным мы бостейр нэхъ иГу ирихьу къысфІэщІри...

- Зэхэпхрэ, хъан, мы напэнІшэм къипсэлъар?! Хьэуэ, зэхэпхыркъэ мыбы жиІэ хьэдэгъуэдахэр? ЩІэкІ си нэгу, ди бзэр зэхыумыкъыстэу!... Алыхьыр къызэрытхуэупса бэзр!

- Хьунщ, хъунщ, сыщІокІыж, - щхэу къыдрешей Налмэс, - ауэ хъаным и щхьэр уэ езым пхущІын хуей хъунущ, - ар зэрыжиІэфар игъэщІагъуэрэ, къызэрыхудзшеями иригуфІэу, Налмэс пІащІэу пэшым щІэбзэхыкІащ.

- Мес! Сэ зыкъыспишэжьыну зыкъызепщыт мо адыгэм! ИтІани сыхуэткІийуэ жьпІэнщ, - Алсу и Іупэ баринэр зэхуилъэфэсри, гъанэ-пкІынэр фІыншэм щІикъуэзэж нэхъей, зыкъигъэщІджащ. - КъакІуэ, си нитІым я нэху, псыр мыупщІыуж щыкІэ уи щхьэ дахэр сыгъэупс.

КъубГъан быдзым щэрашэу пыІэ псы хуабэпщІыр и пщэгурыгъым зденжбзэхьм, Къаплъэн-Джэрий къыщІопсэлъыкІ:

- Щхьэрыгъажэ умыщІ, Алсу. ІуэхутхьэбзащІэм къилэжьыркъым апхуэдизуи уи гулъытэ. ЯфІэбэмащІэу ар зыщхэун Іэджэ исщІ Тыркум...

- Сыт жьпІэр? Истамбыли здэпшэн уи гугъэ ар?

- Хьэуэ. Мыдэ... Къэбэрдейм сыкъэкІыжмэ, - жери Къаплъэн-Джэрий и гупсысэр аргуэру мэбГынлъэ: - «Къэбэрдей! Егъэлеяуэ цІэнтхъэуэрГуэ кІуапІэщ - лъэр здытеувэм, псэ щыдгуэщэту. ДыгуэмыщІатарэт зы щыхупІэ егъу. Сакъыу... Сакъыу!»

Хъангуащэм къыфІэІуэхьыхэтэкъым и щхьэгъусэр зэрыкэплъэ-плъэзыр. Бзыльхъугъэм гурыгъуаззэкІэ иришыт а игъэтІуанэм хуэзрихьэну хьэшыи и Іуданэр. Хъаныр Къэбэрдейм зэрыкІуэнуми хуабжьу къигъэпсынщІэрт Алсу и гурылъхэр...

- Ара? - Іэлъын фІэуупІэ зимыІэжу гъэщІэрэщІа и Іэпхъуамбэ псыгъэхэмкІэ лІым и бгъэгуцэм хэпэщащэу щхьэгъусэу къашэ. Апхуэдизу зэрызыІэпашэрщ къызэгурымыІуэр? Мы ди ІуэхутхьэбзащІэжь щІыкІум ещхьу, ерагъмыгъуейуэ ди бзэм ебыркъ-тафи пщІантІэ дурэши зэхимыдзу шыцуэс пхъашэкІэ ежеевж. Тамбиикъуэ[3] и джий зэвым щыбэмпІа жьыфийм, шы емылыджу, зыкъызэщІеудри, Уафэбгыкъу и бжьэпэ къэракъэм жьыкІэрахъуэу зыкъышцуефыдри, Уафэбгыкъу и натІэ джафэ укъахэр. ЩІымахуэ напІащхьэу зезыхьэхьж мамыр куэщІу Уафэбгыкъу дзажэ щІэлъ ІэхъупІэ хуитхэр.

... Жьыжьэщ аддэ хьэуа уащхъуэмыщцхъэм къыхдзэсэкІ Хьэтіохьущкиуэй мэжджытыщІэм и аэзн джапІэр. Мэжджыт утышхэм гуп-гупурэ щухэр щопсык...

Нобэ Къэбэрдейр мэхасэ. Зэхуэсыщхуэ щопэкІу Хьэтіохьущкиуэй жьІэм. ПащІэ-жьакІэхэм Іумыл сытхуэр тещІэу къэбэрдеипщ щэ нЫкъуэм щІиГъу щыхэхэтщ мэжджытыщІэм пэмыжьжьэу. НэфІагуфІэкъым пщынхэр: ирамыкъ и унэ щимыкІ мыпхуэдэ уаем щІызэхуащэсар зыфІэкъабыл гуэри пщыхэм яхэткъым. «Зимычэзу хасэщ...» - уэрщэр пытхъахуэу къоІу зыгуэрхэм я хъущІэр. Пкъынэ-лынэр зэпхъызылыгъкІ уейпсейм хэт дыгуэжьыфэ кІагуэу, хэти мэлыфэ джэдыгуу зыщцахъумэ. Зэмыщхьыххэр пщыхэм я пыІэхэрщ: зыр купсэ кІыхь папІщІэщ, адрейр пыІэжу щхьэгуэ хъурейщ. Дэтхэнэри бащІыкъкъ жьэгъурыпхущи, зым и бащІыкъкър хужьмэ, адрейм ейр фІыцІэу - напэпкъэр щІыІэм хуэзщІауфэ.

Пщы къэс и Іэщэ ибгщи: къамэр, фокІэщІыр, сэшхуэр и пкъырылъщ. А гупым и щІыбагъ къыдэтщ, етІуанэу, нэхъ гупышхуэж - уэркъ лакъуэлІэшхэрщ ар. ГупышхуитІми фІыуэ ялэІэщІэу зэхэщ. ЛъхукъуэлІ мэкъумэщыщІэхэр. Мыбыхэм нэхъ щыкъуейуэ зракъухьащ.

Ищхъэрэжьым къехь пщафІэ лъэуджыджэхэм зэфІадза лэгъупхэм къащхьэщих къуэнымэ-бжьыныжр. Хасэм къеКІуэлІахэр зыгъэхьэщІэну щІалэгъуалэ щхьэгъэрытхэр мэпщафІэ: бгъуэхэр зэІах, лыр яГъавэ, лыбжьэ ящІ. ПщафІэхэр пыІэ зыщхьэрыгъщ псори, щІалэ цІыкІуэр Іэпыдзлъэпльдзу мэлъэхутхьэбзащІэ. Зы бзыльхъугъэ щхьэлъащІи къыпІэщІэлъагъуэркъым: адыгэ хабзэкъым бзыльхъугъэр хасэ ихьэну.

Хабзэжьым тету хасэр къызэІузыхьыр тхьэмадэрщи, зэуэ уэрэшэр ужьгъэщым мэхъу, хьэщІэхэр (пщыхэр, уэркъхэр, лъхукъуэлІхэр) зэлъыІуокІуэтри, хуит къэхуа ут хъурейм къохьэ Хьэбэрдейм и пщы уэлИн Хьэтіохьущокъуэ Кургъокъуэ...

Зилыгъухьыжу уаер тКІыбжьми, пщы уэлИм и нэкІущхьэхэр масклэпль жьэражьщ, и нэхэм бзий хъуаскІэ къащІех, хуиту зІуДза джэдыгущхъуэ къащІэхэр лІы зэІэщІэлъым и баХъэрыс пщтырым егъэгурыгу.

Гурыщхъуэ пІейтейхэр шыІэныгъэ дакъэм щІикъуэзу Хьэтіохьущокъуэпщым гупым захуегъаз:

- ФІыр зи махуэ ириКІуэн къэбэрдейхэ! Хасэм къеКІуэда жьыпІэ махуэ! КъыздзэфІыгъэ, нэхъыжьхэм къеГъэдкІыу къызэІуСхьнщ къэбэрдеипщхэм ди хасэр!

- Захуэщ, пщы уэлИй, дызздзарззыщ! - псори зэлъэзыщІыс макъ лъагэкІэ жэуап къет Мударыпщым. Абы и нэкІуи, и пащІи-жьакІи, пкъым илъ дыгъужьыфэ джэдыгум ещхьыпсу, сытхъуфэ бэлацщ, - Джылахьстэнэй къикІа пщыхэм я цІэкІэ удот апхуэдэ хуитныгъэ! Шэчыншэу, адрейхэри арззыщ. Уи жьыІэ - ди жьІэщ. Уи унафэ - си унафэщ. Ауэ, хъуну щытмэ, мо зытпэзыгъэІэщІэу зэхэт лъхукъуэлІхэм дакъеиГъаджэ. Абыхэм ящІапхъэщ пщыхэр щІэхасэр. Дыхуэныкъуэщ лъхукъуэлІхэм я арззыныгъэ. Дауэ фелІырэ?...

- Пэжыр пэжщ, - къопсалъэ Джылахьстэней лІыкІуэхэм ящыщ Идарыпщыр, мылъкуСын теплъэу кІыхьсоло лІыр. - ДыщІызэхыхьар зытеухуар пщыхэм я закъуэкъым. Адыгэу щыІэм ззэдащ ар. ДощІэж дэ Мэзышкъуэ гъуКІэмрэ абы и дарэгъуэхэмрэ зэрахьа лІыгъэр.

- КъащІэжаи иджы лъхукъуэлІхэри зэрящІыщІэр... - мэгъуэмтІымэ Джэрыдж Мэрем.

- УвыІэт иджы, укъимытхъутхъуКІыу, - Джэрыдж Таукъан зыІэнхъыщІэм йоІэфрэкІауэ: - Зыщумыгъэгъупщэ дызэрыабаззэр, дызэрыхэхэсыр. Ерагъмыгъуейуэ дззэрыхэззгъащ пщыгъупщаи...

- Ди адэри, дэри, уэ уи бынхэри мыбы дыкъэщІалъхуащ. Дэ тхуэдэ-тІэ хэхэсКІэ ззщІыр? - зыкъэретІа Мэрем.

- Ди къуэзу абаззэх! Къэвгъанэт псалъэмакъ лейр! - Къэбэрдей пщы уэлИм и бейгуэл Сэбанш зэшхэм ящІокІие, аэр зэрыыабаззэр яриІуэкІ имыжагъуэу. - Фысабыри, девгъэдаІуэ пщы уэлИм и псалъэ!

- ЛІо, уи даІуалъэ бдзапцІэ гъэва Іудгъаткъуэрэт? - пэпсэлъэн хьэзыру иришэжьат Мэрем, арщхьэкІэ Хьэтіохьущокъуэм и Іуплъагъуэ хъуэпскІам дзасэпэу фІэуэщ, бззгупэ пІэжьажьэм едзэкъэжри, жьэгъуЖьакІэ тегъэщхьар Іэмыщ1экІэ пиІуэнтІыкІыуре зиущэжужащ.

Пщы уэлИм адэкІэ пищэри:

- Псори щІызэдзакъыплэгъукІэ, фыщхьэкІуатэ лъхукъуэлІхэр. Псори дихуэнущ мы жьыпІэ утышхуэм. Нобэ зи гугъу сщІынут адыгэу щыІэм ди гукъеуэ узыжьщ. Ди зэхуэдэ мыгъуагъащ Къэбэрдеймрэ Кърымымрэ я зэпэщІэтыныгъэр. ДрилъэгущІэтын къыфІэщІыжауэ, кърым хъаным и напщІэ трилъхьэ хьэдэгъуэдахэр яшэчхэм хуэдэкъым. Адыгэм и щхьэр егъэпуд, ягу къыпилъэдэху кърымхэр зауэкІэ къиплъадэурэ, хэкур зэрызэхахьыжащ. Іулъхьэтыхь хъаным щІеттын дагъуи щІыхуэу тІеплъхъам дэ. ДыгъэгъуакІуэр ди гущІыІу зэритар жаГъуэгъу хъуэну къыппокІуэкІыж. Ауану ар дэнэкІи къыдаІуэкІ: «Къэбэрдейм пщы мысыжу ара, лъахэдзэ зэщІигъэшасэу кърым хъаныр ирагъэпсыхьын хуэдэу?!» Нобэ хасэджакІуэ зыхуэтщІари а Іуэхурщ. «Удын зэхэдзэ нэхъра - акъыл зэхэдзэ» - жи, дывгъэчэнджащи зы унафэ дывгъэщІ... Хэкур зэхэзыдыгъуэу, ди унагъэр зэтеыуэкІэм дызэрыпежьэнур дауэ? ЗэрыІудгъэщынур сыт? Фыхасэ, адыгэ, фыпсалъэ! Акъыл ЖьыгъэщІагъэкъым.

НехьэкІ-къехьэкІ хэмыІъу пщы уэлИм хасэ утыку кърИублэрэкІам псори зэхэзещхъэн ищІат. Пщыи, уэркъи, лъхукъуэлІи щыму зэригъэпІыжат Хьэтіохьущокъуэм. Зыри пэплъатэкъым апхуэдэу жьакІуэу пщым выгъашхэр тхыцІэкІэ щхьэдидзыкыну. Жьапщэри зыхамыщІэж нэхьей, къуэІэбжьауэ зэхэт къэбэрдейхэр. Щымт пщыхэр Зэлпльжьырт уэркъхэр. ЗэІупльырт лъхукъуэлІхэр. «Іупэм напэр и хашэщ» зыхужаІэр щхьэж и щхьэкІэ зэпилъыІти, псэлъэн къажкІыртэкъым. ПщафІэхэр зэдэуэулъауэмкІэ арыххэу жьапщэм къриха Іугъуэкіэм къитІэтэпащ зыгуэркъэм я бзэ. ТэмакъыщІэм щІэгъуэлъха Іугъуэм зэ зыр, зэ адрейр къыдыхэпсчыкІыуре гупыр зэщІэжьыгъащ.

Идарыпщыр нэхъ шыІэныгъэншэу щыІэкІри:

- Уа мы Іугъуэм зыгуэр ефщІэркъэ, зиунагъуэрэ! Нобэ хуэдэ махуэт хасэ щызэхашэр? ... Мыдэ, - къыпещэ абы, - тІэуней псалъэ хэсащтауэ къыздэмыгъуэн папщІэ, си епльыкІэр жысІэнщ. Адыгэу щыІэм пщІэ зыхуащІ, зи ІуэхущІафэхэр уахътыншэ ди Інал нэху и фэеплъу, абы и щІэблэр мыбдеж кърихьэлІам игу сыкъыпсэлъыкІынщи: ди зэхуэдэ биим дызэкъуэту дыпэувынщ. Ардыдэкъэ уэри уи гугъэр, Жэбагъы, Алыхьыр къызэрыпхуэупса Іущыгъэр уи ГуаэзэУ? ДэркІэ гурыфІыгъуэшхэщ уэрэ уи ныбжьэгъу щІэблэмрэ, лъхукъуэлІхэри къыфкъуэтыжу, пщы уэлИй Хьэтіохьущокъуэм пэжкІэ фызэрыбГъэдэтыр. Къэбэрдеишхуэм хуэнэхъІэгъэщ Кърымым къикІ Іуэгъэр. Абы къыхэкІыуи, дыщІызэщІ. ДыщІыгъуэ зэрыжиІауэ, дамитІым яку псы дэмыткІуу дызэкъуэтынщ. Сыщ1эунэтІ, Джылъахъстэнэйм къикІа пщыр зэрыупщІэу: сытыр фи унафэ, къуэшхэ? - Идарыпщым къамэр хуэрыуэтри лъагэу иІэтад, - Си псалъэм мыр и щыхьэтщ. Фльагъурэ?!

- НтІэ, нтІэ, - къыхэпсэлъыкІащ уэркъ, лъхукъуэлІ зыбжанэ, Идарыпщ псэлъалэм и фэрыщІ мышыур яхуэмышэжьыжу.

- Абы щыгъуэ, - лъапэпцІий зищІурэ, зыкъызэрыщыхъужам и мыхьэнэм нэхъри иригушхуэпаУэ, лещэ модрейм: - Бахъсэн псыхъуэм дэс жьыпІ, Къэбэрдеишхуэ, фигу къззгъэкІыжынщ а мыгъуагъэм къыщыщИдзар! Кърымхэм я деж фынэс-фыкъэсхуэ лъагъуэ хэфщри зэвгъэуэсащ, абдежщ дакъэжь мафІэр щыщІэнар!

- Фэр-щэ? Фэ... Фэри... - Ашабэ Миншакъ, Идарыпщым къигъэзыфІащ зыхэт хъуэн хъуэрыбзэр игу темыхуэу къыщитхри, уэркъ-лакъуэлІэшхэм я гупым къыхэкІиКІащ: - Фэрати-тІэ Урысейм Іурымыпіпныхьар?!

- Пэжщ жьпІэр. НтІэ... Апхуэдэ гуэрхэри щыІащ. Ауэ... блэкІам щыщщ ар. ЯщІэдвыжыныкъым иджы... Уэ бжеСэнуращи, си лъэпкъэгъу, пщы и псалъэ зэпэудыркъым. Пщы хабзэкъым ар. Нэхъыжь зэрымысым нэмыси илъхъым. ЖысІар пщІымэ, ди нэхъыщІэж Къэзанокъуэ сыкъэрымыс!

- Жьышцхъэ махуэ ухъу, зиусхэн, - Идарыпщым жэуап иримытын хуэзфІэкІакъым ЖэбагъЫ, - ауэ къыщІэзэгъми къыщемызэгъми «пщы» адыгэ хабзэм, къыдзэгъажьэйуэрэ, фытемыцІыбыхь. Адыгэм зэхигъэкІыу щытакъым «пщы хабзэти», «уэркъ хабзэти», «лъхукъуэлІ хабзэти» жиІэу. ЩыІар - адыгэ хабзэщ. А зэи димыІа фащэхэри залымыгъэкІэ къытщыфІтэгъэну фыхэмыт. Мыдрейуэ... Иджыри зэ псалъэ къэзмыщтэн папщІэ, кІэщІу къэсІуэтэнщ нобэ дыщІэхасэм сызэрыхущытыр. Си ятІэ къихуэу псэльам и хуэрыбзэм жэуап есщІэкІын хуейуэ къэсльытэркъым: псори дыщІэзэхуэдэщ мыбдеж. Срителъхьэщ зэкъуэт-зэгурыІуэм. Пасэрейм и ущиекІэ жысІэн щи: «Е дылІнщ, е дылІэнщ». НэгъуэщІ къытхэуэнэркъым. Нобэрей хасэр адыгэ зэхэщІыкІым, зэгурыІуэм, зэкъуэрэзнЫгъэм я кІуапІэ ухъу, - жиІэри Къэзанокъуэм хиІэтыкІыжащ: - Куздщ тшэчар! Къигъэ нэхърэ - игъыкІ... ЗыкъэдвгъэщІэж, къуэшхэ!

Ашабэ Миншакъ, Къэзанокъуэм щІэдзІуэрэ, Налмэс и адэ-анэм я гукъеуэм хьихьэжырт. Дапхуэздиз нэпстар! Сыт хуэдэ хьэзабт! Дэнэ иджы пщащэр здэщыІэр? Сыт хуэдэ лей кърапэса... Хьаным е сулъТаныи я хьэрам гъэгъунэм щыжьІэдзаІуэрэ? Иужьрейр игу къыщІридзэкІэ Миншакъ, зимыщІэжу, къамэ Іэпщэр икъуэзырт...

Хасэм зэблэкІыу къыщІипсалъэрт пщыхэр, уэркъхэр, лъхукъуэлІхэр. Псоми я гугъэр зэздзарззыуэ зэтехуэрт. ХасэкІэм щынэблагъэм Хьэтіохьущокъуэм гупым захуигъаззри:

- Адыгэ! СэркІэ гуапэщ щхьэж игу иІыкІр жьэнахуэу утыку кърилъхьэу, хьэхъувыкъуэрэ гукъанэрэ тхэмылъу, хасэм и кІэ дызэриплъар. Иджы, къыщІигъужьныІуэ гупыж зиІэ къытхэмытмэ, унафэр къэтщтэнщ.

- Сэ сиІэщ псалъэ, Къэбэрдейр дыщІыгъуГъ пщы уэлИй! - жиІэри щхьэхуэ зызыщІа уэркъ лъхукъуэщхэм къаХэкІыурэ утыку кърихьащ Шурдым Жанхъуэт. - Мыдэ, нысашэ джэгум ираджэж къамыгъэуджыжам и дзыр къыстемыжьэн папщІэ...

- Догуэт, догуэт! - дыжьын баш щыкІур щІиупскІэурэ пІащІэу утыкум къокІуатэри, Къэсей хьэжыр Шурдымым пэроуэ: - Жанхъуэт, «НэхъыщІэм гъэугу ети, нэхъыжьым жьэ ет» жаІэу зэхэпхакъэ? Дуней нэхури щІыху щыкІури къэзыгъэщІа Алыхьым и лІыкІуэ лъапІэу Мухьэмэд бегъымбар нэхум и мыУмин къалэнр сэ сохь. Лъагэрэ лъэщу зи къарур къытщхьэщыт, щыІку егъуми, бзаджэнаджэ фыгъуэми, шейтІан Іэрыкіыу гъэзгу пэжым дытезышхэми дащызыхъумэ Алыхь лъэщым и щІэкІэ дыуэ сщІынущи, фыкъызэхэкІуатэ!

(КъыкІэлъыкІуэнущ).

[1]Мыхьэ - суверенитет

[2]«Кърымыр - Шыналъэ гъунэгъуэхэм (урысым, адыгэм, украиным, литвам) зауэ-фыщІэу ильадзэрэ абы къахьхам хэлсэукІыу къэгъуэгурыкІуэрт. Кърым хъаныгъуэр - щетх Дзэмыкъ Къасболэт и «Адыги (черкесы) в истории России XVI - XVII вв.» тхылъым. - ПІалъэ-пІалъэкІэрэ трагъаззэрэ мылъкур, Іэщыр, цІыкухэр (гъэру ящэн мурадкІэ) иратырт. Зи кІухьуапІэр щІэнщэ мылъкур батэурэ нэхъри хэхъуэрт. Абы хуабжьу іуэзщІыт иузэщІыт хъаныгъуэм и зэфІэкІыр: тэтэр феодалхэр лъэ быдзкІэ игъэувырт».

[3]Тамбиикъуэ - Хьэнжал зауэм и ужькІэ «Ашабэ и къуэ» зыфІащэ, ди зэманым «Тызыл»-кІэ ззджэ хъуа къуэм и пасэрей фІэщыгъэщ.

СССР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат КІэрашэ Темботрэ Мэшбащэ Исхьэкъэ. *1980 гъэ*

90

Сурэтыр **СэвкІуий Хьэмид** *ищІащ.*

Экономикэ Политикэ

Махуэ

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Іуэху

ПУТИН Владимир:

«Сэри сыкъагъапцІэрт икІи хьэрэми сфІашхырт хьэкІэпычхэм»

ТАСС-м тредзэ журналист Банденкэ Андрей и упщІэхэм Путин Владимир къыгуфыжа жэуапхэр. Мис абыхэм ящыщ языныкъуэхэр:

- Бизнесыр сэбэп хъуфынут Іуэхуклэ. Инвестицэхэр щыІэмэ, зэрыгурыІуэгъуэщи, экономикэм зиужьынущ. Уэ дауэ уеплъырэ абы?

- ИлъэсипЛ блэкІам Урысей бизнесым хуабжьу зихъуэжащ. Апхуэдэу щыщытКІэ, къэралым кІэнгъуэтын хуэдиз и экономикэм инвестицэхэр къыІэрыхальхъэну Іэмалхэр. Абы къокІ инфляцэм зэрыпэщІэтыгфыну Іэмалхэри къызэІуихын хуейуэ. Дунейпсо банкым и рейтингым дэ, сыщымыуэмэ, 28-нэ уВыпІэр щытПІащ: зыкъомкІэ дыщыщдэкІуеящ. Араущ, нэрылъагъущ къэралыр мы Іэнатіэм нэхъ егупгу зэрыхъуар. Инвестицэхэм я бжыгъэм хохьуэ. 2000 гъэхэм я пэщІэдзэм ахэр псори зэхэту зы доллар мелардым нэс къудейт, иджы мелард 540-м щІегъу.

- Си гугъэмкІэ, уэ зиныбжьым пэрытхэр хьэкІэпычу икІи хьэрэмышхэру къыболъыІэ?

- Абы лъабжьэ гуэрхэр иІэщ, къыбгурыІуэмэ. Япэрауэ, лІэщІыгъуэм и пэщІдзэм хьэрычэтыщІэ мащІэр къанэ щымыІэу сатум епхауэ щытащ. Зи рынок экономикэм зиужьауэ къалэытэ къэралэ куэдым абы къалэныШхуэ щегъэзащІэ.

- Іуэхутхьэбзэхэм я Іэнатіэра зи гугъу пщІыр?

- Абы и закъуэкъым! Лэжьыгъэ Іэнатіэми. Абы къыхэкІыу иджыпсту дэ дыхущІокъу зызыужьа къэралхэм куэд щІауэ щыІэ хабзэм дыхуэхэлъуэ - компание инхэм я гъунэгъуу Іуэхущ Іапі э жьгъейхэу пщыхэр, хэбгъэзыхьмэ, щыдгъэлажьэну. Иужьрейхэр япэрейхэм я сэбэп зыхэлъхэм хуэлажьэ хуэдэщ. Сыт адэкІэ дэ иджыпсту тщІэр? Дэ компаниешхуэхэр, псом хуэмыдэу къэралым и Іыхьэ зыхэлъхэр, идохулІэ Іуэхущ Іапі э жьгъейхэр заказкІэ къызэрагъэпэщыным икІи ди дежь бизнес щыкІым и зэхэлъыкІэм зыщихъуэжу хуежьащ. Иджы ар зыпыщІар сатум и закъуэкъым - чэтэн зытеубгъуэ сату щыІпІэ щыкІухэу нэхъ пуду къаІэрыхьар нэхъ лъапІэу зыщэхэуи щытыжкъым: иджы щІэныгъэрылажьэ бизнесри, хьэпшыпхэр щыным елэжь бизнес щыкІуи, технологие лъагэхэр къыщагъэсэбэп бизнес щыкІуи диІэхэщ. Хьарзынэу мэлажьэ икІи заукъуэдий. Зэкіэ, пэжу, хуэмурэщ. Ауэ дэ гъуэгу тэмэм дытехьащ.

КъэгъэтІэсхэм хуейкъым

- Сэ уэ тэмэму уку ыгъуІуамэ, сатуущІыр хьэрэмышхущ. Ара? Апхуэдэщ щІыхубэм ахэр къызэриІыпэр, сэри апхуэдэу жыІоІэ.

- Сэри а щІыхубэм сащыщыщ. Абы къыхэкІыу пэжыр жыгтІэмэ, дэ ахэр хьэрэмышхэу къыдолъытэ.

- Уэ хьэрэм пфІашха, укъагъэпцІа?

- Сэри? Дауи, сыкъагъэпцІащ, хьэрэми сфІашхащ. Уэ езыми апхуэдэ къыпщыщІауэ къыщІэкІынущ.

- АтІэ, Іуэхур сыт хуэдэу иуха?

- Зыуи. Совет лъэхъэнэм пхуэщІэныщхэу щыІэтэкъым, укъагъэпцІамэ, укъагъэпцІат.

- Ауэ гу лъыптамэ-щэ?

- Сэ сыкъапщтэмэ, махуэ къэс сыкъагъапцІартэкъым. Ауэ гу лъыстами, ар зэхэгъэкІыным зэман куэдыІуэ текІуэдэнут.

- Бизнес мащІэр мы зэманми тхъэжу псэуркъым. Мис иджы «регуляторная гильотина» жьхуаІэр къыкъуэкІащ

- Пэжщ, 2021 гъэм и щІышылэм и 1-м къэсмэ...

- Иджыри зэманышхуэ иІэщ. Сыт хуэдиз къызэтенэну, сыт хуэдиз пиупщІыну абы?

- Мыбдвж щынэхъыщхьэр дыщымыуэнырщ. Сыт зищІысыр хабзэщІэр? Егупсыс: бизнес мащІэр псомкІи хуэит пщІымэ, зыкІи къыжьдумыкъуэмэ, къэхъунум. Псалъэм и хьэтыркІэ, ерыскъыхэмкІэ сату зыщІхэр? Ауэ итІанэ сымаджэщхэр жэщи махуи лажьэн хуейм хуэнущ, ерыскъы зэкІуэкІаХэм ягъэсымэджа щІыхуэхэр уэру зэрырашалІэм къыхэкІыу. Ардыдэр екъэлІащ хущхъуэхэми. Псори зэуэ пыбгущІынкІэ шынагъэщ, ауэ иджыпсту зэрыщытым хуэдэуи щыт хъунукъым. Араущ, мы Іуэхум правительствэр елэжьынущ куэдрэ.

«Къэралым ахъшэшхуэ икІакъым»

- НэгъуэщІ къэралхэм къикІ инвестицэхэр-щэ? Хэт зи пщэм кІапсэ фІэзыльхьэр? Япэщ ыкІэ Ходорковскэр, иужькІэ Магнитскэр щыІащ, иджы Калви (инвесторщ - ред) къыкъуэкІащ.

- Ходорковскэр хьэкІэпычщ, хьэгъэщагъэхэм я гугъу тщІынкъыми, абы и компаниехэр укІыгъэхэми хэпщІащ. Ар цІыху зыукІахэм езым и щхьэкІэ яхэтауэ сэтей джащыфакъым, ауэ укІыгъэхэр зэрыщІыар белджылыщ. АтІэ, абы имыщІэу цІыхухэр ныкІа? Шэч къыгъэзохьэ. Арщхьэкіэ, сэтей къащІакъым. Ауэ хабзэншагъэ куэд зэрызэхищІыхьар ягъэбелджылащ икІи илъэс бжыгъэкІэ лъэхъуэщым исащ. Калви и Іуэхур мы зэманым зэкагъэкІ хабзэхъуэмэхэм.

- Ауэ уи жэуапыр щхьэщылъэфщ...

- Ар нэгъуэщІуи щыт хъунукъым. Сэ ар къуаншэрэ мыкъуаншэрэ схужьІэнукъым хабзэхъуэмэхэм Іуэхур зэхамыгъэкІауэ.

- Арщхьэкіэ Къухьэпіэр...

- Къухьэпіэр хьарзынэщ, ауэ дэ тщІэм деплъыжьын хуейщ Къухьэпіэ е Къуэкіыпіэ гуэри хэмыту. Дэ ди щхьэ и унафэ дощІыжьыф.

- Блэкіа зэманым ахъшэ дапщэ ди къэралым икІа?

- Къэралым ахъшэхуэ икІакъым. КъэкІуар нэхъыбэщ. Ахэр нэхъ бэгъуэнущ, ди хабзэкэр едгъэфІакІуэмэ. ИтІанэ дзыхь нэхъ къытхуащІынущ.

● Дыхьэгъ

Сыт щІимыдэр?

Коронавирусым дызригъэува щытыкІэ гуГум къыхэкІыу США-м унафэ къыщащтащ и хэхъуэхэр зыхуэдизым емылытауэ къэралым и дэтхэнэ цІыхуми доллар мин зырыз иратыну.

ДИ ДЕЖИ щыІэщ абы ещхь щапхъэхэр. Псалъэм и хьэтыркІэ, Москварэ Москва областымрэ. Пэжу, ахъшэр нэхъ мащІэщ, арщхьэкІэ абыхэм щытыкІэр апхуэдизу щыхьалъэкъым. ИтІани, Урысейм и Банк Нэхъыщхьэм и Іэтащхьэ Набиуллинэ Эльвирэ я Іуэхур диІыгъыркъым: «Къэрал куэдыр апхуэдэ Іэмал хуокІуэ нэгъуэщІхэр щамыгъуэтыжым и деж, - жиІащ абы. - Ди деж апхуэдэ щытыкІэ зэкІэ щыщІэкъым. НэгъуэщІ Іэмалхэри щыІэщ, ди къэралым и цІыхухэр дэтІыгъын папщІэ»

Къэрал куэдым Іуэхушхуэхэр щалэжьащ езыхэм я цІыхухэм зыщІагъэкъуэн папщІэ. Чехием, Испаниием, Британием, Курржым, Италием ипотекэ каникулхэр щагъэуващ, цІыхухэм кредитхэр щамыпшынывжьми хъунущ. Франджым и цІыхухэм ЖКХ-м и Іуэхутхьэбзэхэм, Испаниием - бэджэндым я уасэхэр ятырхъым. США-м, Австралием, Гонконгым, Бельгием псоми е лэжьапІэншэу къэнахэм ахъшэхэр щрат.

Дэ ди деж, Урысейм, зэкІэ щалэжь псори зыхуэгъэзар бизнесым щыІэгъэкъуэнырщ. Туриндустрием, щыдагъэ, газ хъщІэзышу компаниехэм ядоІэпыкъу, арщхьэкІэ лэжьапІэншэу икІи зыхэпсэукІын ямыІэу къэнэнкІэ хъуну цІыху къызэрыгуэкІхэр къащоГупущ. Ди цІыхухэр ягу къыщыкІыжьр иужь дыдэущ, ахэр ди къэралым и лъапІэныгъэ нэхъыщхьэу щыт пэтми. Сыт цІыху ГъащІэр сыт щыгъуи ди деж щІэнэхъ пуд дыдэр?

Уегупсыс зэрыхъунумкІэ, цІыхухэм мы зэманым занщІэу ахъшэ Іэрылъхьэ етыныгт нэхъ хэкІыпІэфІ дыдэр. Абы къигъэльэгъэнт ди къэралыр цІыхухэм зэрахэгъэзар, ахэр и гулъытэм зэрыщІэтыр.

Банк Нэхъыщхьэм и Іэтащхьэм и улахуэр сом мелуан Іэджж мэхъу. Абы иджыпсту ахъшэр имыкъузми хъунут. Бюджетым цІыхухэм ахъшэу яхуиутІыпщыныр зыхуэдизыр зырикІщ, езы цІыхухэмрэ экономикэмрэ зэрыщыту хэщІыныгъэу ягъуэтыным етыятауэ. Сыт хуэдиз ахъшэ цІыхухэм етын хуейр? Иджыблагъэ Санкт-Петербург къызэрыщабжьмкІэ, ЩхъэмахуэзхуакуитІым къриубыдэу сом миниХ къудейщ: мини 4-м ерыскъы къращэхуну, мини 2-р хущхъуэхэм трагъэкІуадэну.

Уэ зэрыщІалъэм зэщІнубыда адрей къэралхэм яхуэмыдэу дэ иджыри зэманрэ иІэщ цІыху къызэрыгуэкІхэр зыхуей-зыхуэфІхэр дигу къэдгъэкІыжьын папщІэ. Іуэхур ежьакІэщ: Москва сом мин плІырплІ щрат зи ныбжьыр илъэс 65-м щхьэдэхэкъым. Дэ дызэреплъмкІэ, апхуэдэ щапхъэм къэрал псом зыщеГъубгъупхъэщ. ЗэрыгурыІуэгъэщи, Москвари Санкт-Петербургри хуэмыдау Кавказ Ищхъэрэм и республикэхэр дотацэхэр зыхуаутІыпщ щыІнальэхэщ. Апхуэдэу щыщытКІэ, ахъшэр ищхьэкІэ къикІын хуейщ, псалъэм и хьэтыркІэ, Лъэпкъ зэІуэзэпэщ псэуКІэмкІэ фондым къыхах хъунущ. Апхуэдэ гуэрщ а ахъшэр езыр щІызэхуахьэсари.

● Мылтку

Къулейхэр епІэщІэкІыркъым

«Челси» футбол командэр зей Абрамович Роман Лондон и дохутырхэм пщІэншэу яритащ езым и хьэщІэщыр.

ДУНЕЙ псом мылъкушхуэ зыбгъэдэлъхэр къэралхэм щадоІэпыкъу коронавирусым пэщІэтыныкмкІэ. Ди дежи иджыри сэбэп хъу закъуэтІакъуэхэр щыІэщ: Дерипаскэм Олег Азием къыщищэхуаУэ ди щыІналъэхэм къеІэуэ хущхъуэ, Іэмэпсымэ зэмылІэужьыгъуэхэр. Арщхьэкіэ, адрей къулеижьхэм зэкІэ загъэхъеиркъым.

Коронавирусым упщІэ куэд къыгъэщІащ. Абыхэм ящыщ зыщ урысей олигарххэм яхь жэуапыр зыхуэдэр. Дэ дольагъу къэралри, жылагъуэри волонтёрхэри а къулейкъыгъэм зэрыпэщІэуэвар. Правительствэм жиІащ коронавирусым и Іэужьхэр гъэкІуэдыжьым сом мелард 300 хухиныну зэрыхьэзырыр. ХьэрычэтыщІэ лажьыгъэ мащІэмрэ курытымрэ зэрадэІэпыкъуну щыкІэм топсэльыхь. НэгъуэщІу жыпІэмэ, къэралыр хъэзырщ мы зэман гугъум цІыхухэми бизнесми защІигъэкъуэну. Абы и жэуапу къэралыр цІыхухэм зэращІигъуэр зы закъуэкІэщ: ахэр кІэлъыплъын хуейщ езыхэми я Іыхьлыхэми я узынщагъэм. ЗэрыгурыІуэгъуэщи, ІэщІагъэлІхэм хуагъэувкэр ягъэззэщІапхъэщ.

АтІэ, ди олигарххэр-щэ? Ахэр пІащІэркъым. Пэжщ, компание зыбжанэм жаІащ нэкІуІупхъэхэр, хущхъуэ къыззэрыгуэкІхэр ягъэхъэзэрыныкмкІэ сэбэп зэрыхъунур. Ауэ ар мащІкъэ?

НэгъуэщІ къэралхэм щыпсэу къулейхэм я щапхъэм дэплъеин хуейуэ къыдолъытэ. Китай мелардырыбжэ Ма Джек доллар мелуан 14,5-рэ хилъхьащ коронавирусыщІэм пэщІэтыну вакцинэ къэгупсысыным теухуауэ ирагъэкІуэкІ къэхутэныгъэхэм. НэгъуэщІ компаниием доллар мелуанкІэ Китайм и дохутырхэм нэкІуІупхъэхэр къахуищэхуащ. Къухьэпіэ компание инхэм мелуанхэр хуауГпыщІ Жор ЛПъыжьымрэ медицинэ Іуэхущ Іапі эхэмрэ.

АтІэ, дэнэ здэщыІар ди бизнес иныр? МащІэмрэ курытымрэ я Іуэхур гурыІуэгъуэщ - ахэр езыхэр щІобэн къызэтенэным. Ауэ дэнэ здэщыІэр ди щыІуэпсхэм къулеигъэхэр, цІыхубэм бгъэдэлъын хуейхэр зыгъэкІуэщІхэр? Абы и жэуапыр бгъуэтынкъым.

Мыбдеж къыщІоуэ бизнесыщэм цІыхубэмрэ мылъкур езыта къэралымрэ я пащхьэм жэуап щихьн зэрыхуейм и Іуэхур. Ар хабзэкІэ щІэзгъэбыдапхъэщ. Абы папщІэ бгъэдыхьэкІэ куэд щыІэщ. Нэхъыщхьэр мы зэман гугъум мылъкушхуэ зыбгъэдэлъхэр къэралым жыджэру дэгъэІэпыкъуныщ. Абы ямыдэмэ, цІыхубэм и цІэкІэ ар хуитщ ахэр апхуэдэ дэІэпыкъуныгъэм ирихулІэну.

● УпщІэ - жэуап

Гъэмахуэм ирихьэлІэу

Дапщэщ щиухынур коронавирусыр?

ІЭЩІАГЪЭЛІХЭМ къалъытэ коронавирус уэ зэрыщІалэр мы гъэм и мэкъуаугъэуэ - бадзэуэгъуэ мазэхэм ужьхуэхьжьну. Профессор Шестопалов Александр зэрыжиІамкІэ, Китаймэ а узым и гуаІэщІэгъуэр мазаем и 2-м щиухащ. Езы коронавирусым апхуэдэу егъэлепуэ цІыху куэд илыкІыркъым дызэрыщагъащтэн хуэдэу. Зиубгъуи зэрыщІидзэрэ абы зи гъащІэу ихьар щІыр ахъшэблащ. Жьэн узым махуэ зыкъэ дунейм щилІыкІым нэхърэ зэрынэхъыбэ щІэжьыну. США-м и закъуэ мы гъэм гриппым цІыху мин 75-рэ щихьащ.

Еджагъэшхуэм къельытэ а уз зэрыщІалэм шынагъуэу къихьым нэхъыбэ зэрагъэвуур нэхъыбэ.

● Ди гъунэгъухэм я деж

Усакіуэ цІэрыІуэм и фезплъ

Пятигорск къыщызэІуахащ совет усакІуэ цІэрыІуэ Михалков Сергей и фезплъ. Ар ещхьырыкъабзэщ Москва щагъэува апхуэдэ монументым. Домбенкъымрэ мраморымрэ къыхэщыкІа сыныр ящІащ скульпторхэу Шаров Сергейрэ Воскренская Александрэрэ.

СТАВРОПОЛЬ крайм и Іэтащхьэ Владимиров Владимир фэеплъыр къыщызэІуахым жиІаш: «Миллион 150-м нэблагъэ. Шыхъуэбахъуэр зыхэт нэхъ хьэлъэ дадэхэм зэкагъэкІыну къапэщылъ дуней псом и чемпион нэсыр (абсолютнэ чемпионыр) хэтми. Ди къэралым иджыри къэс апхуэдэ екъулІэныгъэ зэи иІатэкъым.

Шыхъуэбахъуэ Анзор а зэхьэзэхуэм зэІущІибл иригъэкІуэкІати, тхур шэч къызытумыхьэну нокаутКІэ къихьащ. КІэуэ зэІущІэм хьэрхуэрэгъу къыщыхуэхъуат Ираным щыщ пелуаныр. Зэныкъуэкъуныгъэр хуабжьу гуащІэу щытами, адыгэ щІалэр абы щытекІуащ икІи, зэи къэмыхъуауэ, ди къэралым иКІар каратэ кёкусинаймкІэ дунейм и ІьаганІэ нэхъ ин дыдэм къыщыхутащ.

И хэкум къигъэзэжа иужькІэ, Анзор ЛъагэУ яІэтащ. А лъэхъэнэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и Президенту щыта Къанокъуэ Арсен абырэ и тренер Онищенкэ Анатолийрэ иригъэблагъэри, хуабжьу игъэлъэпІащ икІи Анзор сом мелуан, и гъэсэным сом мин 300 саугъэту къариратащ.

- «Шыхъуэбахъуэм и текІуэныгъэ тепльджэр и щыхьэщ лЫгъэм, ерыщагъымрэ Іэзэ гъэзэмрэ, - жиІащ щигъэлъапІэм Къанокъуэ Арсен. - Абы Іэмал къитащ урысей спортым и Іэпщэ нэхъ лъагэжу яІэтыну. Ди сфІэщ мэхъу, Анзор и ехьулІэныгъэр щІэблэм щапхъэ яхуэхъуу, Къэбэрдей-Балъкъэрым щхьэзакъуэ зззаУэм зэрызыщиубгъунур».

Саугъэт лъапІэхэм къадэкІуэу Къанокъуэм и унафэкІэ 2008 гъэм Шыхъуэбахъуэ Анзор къыфІащащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм физическэ щэнхабзэмрэ спортымкІэ щыхь зиІэ и пэжакІуэ» цІэ лъапІэр.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

● Барбадос

Бриджтаун - зи щхьэм хущытыж Барбадос къэралыгъуэм и къалащхьэ икІи Британ зэгуэныгъэм хэтщ. Абы къызэщІеубыдэ километр зэбгъуэнатІэ 38,8-рэ. Бриджтаун Барбадос хьІтыгум тетщ икІи «къалэ-лъэмыж» и цІэм къокІ.

Мэшыкъуэ Феня Сэрал и пхъур

Гукъинэжщ абы игъэзэщІа дэтхэнэ ролри - ар гушыІэ ирехьу, цІыхум и гущІагъщІэлъхэр къыщиІуатэ спектаклу щырет.

Мэшыкъуэ Феня и творчествэр лъэныкъуэ куэду зэтепщІыкІырт - ар актрисэ зэчиифІэу зэрыщытым, утыкум дахэу зэритым къыдэкІуэу, егъэджакІуэ Іэзэт - Кавказ Ищхъэрэм гъуэгджэхэмкІэ и къэрал институтым и доцентт, актёр Іэзагъымрэ бзэмкІэ егъэджакІуэт. И лэжьыгъэфым папщІэ Феня мызэ-мытІуэ ягъэпэжащ, къэрал гуныгтэ къыхуащІу - абы хуэфащщ дыдэу къыщІэдгъэкІ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и цІыхубз артисткэ» цІэ лъапІэр, «ЩІыхьым и Дамыгъэ» орденыр къратащ.

Абы и гъащІэ гъэзэгуанэр къикІауэ къыхиха Іэщ-щІагъэм хуэтэжу, и гъащІэм гъуаззу щигъэувахэм къытекІакъым. Мэшыкъуэ щыпхъэм цІыхугъэшхуэ хэлът, гушыІэт, и Іэщ-гъэм фІы дыдэу хищІыкІырт, гъащІэр фІыуэ игъэлъарт, и гур дахагъэм сыт щыгъуи хуэзІухат.

Дунейм екьжащ цІыхубз артисткэ нэс. Ар и теплъэкІэ дахэм и мызакъуэу, псэ кьабзэт, театрелпхъэмэ, и лэжьэгъуэхэми, и Іыхьлэми гуапэу яхуцыт. Мэшыкъуэм и гъащІэр тыхь хуищІащ лъэпкъ гъуэзджэм зегъэужьынным. Актрисэ телъыджэр дунейм зэрехьажар хэщІныгъэшхуэщ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и мызакъуэу, цІыхубэм я дежкІи.

Мэшыкъуэ Феня Сэрал и пхъум и фэеплъ нэхур сыт щыгъуи ди гум иІыгъ.

КъБР-м Щэнхабзэмкіэ и министерствэм, Кавказ Ищхъэрэм Гъуэзджэхэмкіэ и къэрал институтым, Дунейпсо Адыгэ Хасэм, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм, «Адыгэ псалъэ» газетым, «Іуащхьэмахуэ» журналым я лэжьакІуэхэр.

● Каратэ кёкусинкай

Къэралым и япэ дунейпсо чемпион

Каратэ кёкусинкай лІэужьыгъуэм лъэужь дахэ къыщыгъэнащ спортым дунейпсо классымкІэ и мастер, РСБИ-м и «Дыщэ бгырыпхыр» зыхуагъэфэща ди лъахэгъу Шыхъуэбахъуэ Анзор. Арад ди къэралым щыщу япэ дыдэу дуней псом чемпион нэс (абсолютнэ чемпион) щыхъуар.

ГЪЭПЩКІУАУЭ фІэкІа каратэр Совет Союзым щызэмыкІуэ блэкІа лІэщІыгъуэм и блыщІ гъэхэм я кІэух лъэхъэнэм къалъхуащ абыкІэ ди къэралым щыщу япэ дыдэу дунейпсо чемпион хъуну Шыхъуэбахъуэ Анзор. 1978 гъэм мэзаурэгъуэм (июным) и 20-м Украинэм и Винницэ областым хьІхьэ Тульчин къалэм дунейм ар къыщытехьащ, и адэ Мухьэмэд офицеру советыдзэм къулыкъу щищІэу абы щыІэти.

Зэрысабийрэ Анзор хуабжу жыджэрт икІи спортым зэрыхагъэхьар зыми игъэщІэгъуакъым - и къару мыкІуащІу зыщыІпІэ къыщигъэсэбэпын хуейтэкъэ?! Налшык къыщызэІуаха «Ямата» спорт клубым, и ныбжьыр илъэс тщыІкІублым иту, зыщыхучІэсэн щІидзащ, абы ирихьэлІэу зыдебгъэхьэхыну хуит ящІа, каратэ лІэужьыгъуэм. Ар хэхуащ тренер гъуэзэджэхэу Къазий Михаилрэ Онищенкэ Анатолийрэ я нэІэ щІэт гупым икІи спортым щыпхъишыну гъуэгу бгъуфІэр икІи кІыхьыр абыкІэ убзыхуэ хъуащ.

КаратэмкІэ зигъэсэн зэрыщІидзэрэ илъэсищ фІэкІа иримыкъуауэ курыт хьэлъагъ зиІэным я дежи Шыхъуэбахъуэм Къэбэрдей-Балъкъэрым чемпионыгъэр къыщиухащ. КъыкІэлъыкІуэ илъэсым, ди республикэм и командэ къыхэхам хэту, Екатеринбургу щыІа Урысей Федерацым и чемпионатым яГъэкІуащ. Абыи хъарзынэу зыкъыщигъэлъэгъащ икІи жэз медалыр Іэщ Іэлъу кІыгъэзэжащ.

Шыхъуэбахъуэ Анзор каратэ кёкусинкаймкІэ япэ ехьулІэныгъэ инхэр щызыІэригъэхьар 2001 гъэращ. ЯпэщІыкІэ ар Урысей Федерацым и чемпион щыхъуащ Дон Іус Ростов щекІуэкІа зэхьэзэхуэм. КъыкІэлъыкІуэу, нэхъ хьэлъэхэм я деж Европэм щытекІуащ.

Адэкіи ехъулІэныгъэ куэд иІащ Шыхъуэбахъуэм. Ар Къэбэрдей-Балъкъэрым (куэдрэ), Урысей Федерацым (2001 гъэм), Европэм (2001, 2006 гъэхэм) я чемпион хъуащ. Дунейпсо Кубокыр 2006 гъэм къихьащ.

Анзор и вагъуэр, нэр щІисыкІыу лыду, къыщыунэхупар 2008 гъэм и кІэухращ. Каратэр къыщежьа Японием дыгъэгъазэ мазэм щызэхуэсат къэрал 20-м икІа спортсмени 150-м нэблагъэ. Шыхъуэбахъуэр зыхэт нэхъ хьэлъэ дадэхэм зэкагъэкІыну къапэщылъ дуней псом и чемпион нэсыр (абсолютнэ чемпионыр) хэтми. Ди къэралым иджыри къэс апхуэдэ екъулІэныгъэ зэи иІатэкъым.

Шыхъуэбахъуэ Анзор а зэхьэзэхуэм зэІущІибл иригъэкІуэкІати, тхур шэч къызытумыхьэну нокаутКІэ къихьащ. КІэуэ зэІущІэм хьэрхуэрэгъу къыщыхуэхъуат Ираным щыщ пелуаныр. Зэныкъуэкъуныгъэр хуабжьу гуащІэу щытами, адыгэ щІалэр абы щытекІуащ икІи, зэи къэмыхъуауэ, ди къэралым иКІар каратэ кёкусинаймкІэ дунейм и ІьаганІэ нэхъ ин дыдэм къыщыхутащ.

И хэкум къигъэзэжа иужькІэ, Анзор ЛъагэУ яІэтащ. А лъэхъэнэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и Президенту щыта Къанокъуэ Арсен абырэ и тренер Онищенкэ Анатолийрэ иригъэблагъэри, хуабжьу игъэлъэпІащ икІи Анзор сом мелуан, и гъэсэным сом мин 300 саугъэту къариратащ.

- «Шыхъуэбахъуэм и текІуэныгъэ тепльджэр и щыхьэщ лЫгъэм, ерыщагъымрэ Іэзэ гъэзэмрэ, - жиІащ щигъэлъапІэм Къанокъуэ Арсен. - Абы Іэмал къитащ урысей спортым и Іэпщэ нэхъ лъагэжу яІэтыну. Ди сфІэщ мэхъу, Анзор и ехьулІэныгъэр щІэблэм щапхъэ яхуэхъуу, Къэбэрдей-Балъкъэрым щхьэзакъуэ зззаУэм зэрызыщиубгъунур».

Саугъэт лъапІэхэм къадэкІуэу Къанокъуэм и унафэкІэ 2008 гъэм Шыхъуэбахъуэ Анзор къыфІащащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм физическэ щэнхабзэмрэ спортымкІэ щыхь зиІэ и пэжакІуэ» цІэ лъапІэр.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Дыщэкі Соня**, *редактору* **Жыласэ Заурбэч**, *корректорхэу* **Инэрокъуэ Азэмэт** *(2, 3-нэ нап.),* **Нэжьыкъуэ Заирэ** *(1, 4-нэ нап.), компьютеркІэ газетым и теплъэр ящІащ* **Дыл Маринэ, Мэлбахъуэ Анжелэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жанизэ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер ІэнатІэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр П 5894 ●Тираж 2.099 ●Заказ №641

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:

ЖьэкІэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), **Жыласэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къашокъуэ Эллэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къарэн Марин**, **Къумахуэ Аслъэн, Нэщ Іэныджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, Щхьэщэмыщ Иэз.**

Езыгъэтхахэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкІэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ ІуэхуэхэмкІэ - 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; хабзэхъуэмэ Іуэхущ Іапі эхэм ядэлэжьэнымкІэ - 42-60-53; зыюнащагъэр хьэмэнымрэ экологиемкІэ - 42-22-89; егъэдэжьнытъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; хьэбарыщІэхэмкІэ - 42-22-88; зэдэзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер ІэнатІэм - 42-26-41; сурэтехым - 42-75-78.

Тедзэр тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытехэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху епГыкІэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыгъуГбаззэм и 19-м Печатным и хуитыныгъэр хъуэмэнымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ Іапі эм ПИ №ТУ07-00117-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокІ.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ. 357600, Ставрополь край, ЕсэнтІыгъ къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А (12+)